
Republik Tegalan

Antologi Puisi



BALAI BAHASA JAWA TENGAH
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
2018

Republik Tegalan

Antologi Puisi

BALAI BAHASA JAWA TENGAH
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
2018

REPUBLIK TEGALAN
Antologi Puisi

Penanggung Jawab:
Kepala Balai Bahasa Jawa Tengah

Penyunting:
Lanang Setiawan, Agus Sudono, Sri Wahyuni, Umi Farida, Enita Istriwati, Ema Rahardian

Pracetak:
Inni Inayati Istiana, Kustri Sumiyardana, Rini Esti Utami, Shintya, Agus Sulistyo, Andy Rahmadi Santoso, Muda Bagus Syaraful, Muljiono, Takarina Indriyanta.

Desain Sampul:
S.L. Gaharu

Penerbit:
KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA JAWA TENGAH
Jalan Elang Raya 1, Mangunharjo, Tembalang, Semarang 50272,
Telepon 024-76744357, 76744356, Faksimile 024-76744358
Pos-el balaibahasa.jateng@kemdikbud.go.id
Laman www.balaibahasajateng.kemdikbud.go.id

Katalog dalam Terbitan (KDT)
REPUBLIK TEGALAN Antologi Puisi. Lanang Setiawan dkk., Semarang: Balai Bahasa Jawa Tengah, 2018.
Cetakan Pertama, Oktober 2018
xiv + 144 hlm., 14,5 x 21 cm
ISBN: 978-602-53192-9-7

Hak cipta dilindungi undang-undang. Sebagian atau seluruh isi buku ini dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit.

Isi tulisan (karangan) menjadi tanggung jawab penulis.

PENGANTAR
KEPALA BALAI BAHASA JAWA TENGAH

Sejak awal mula persoalan bahasa dan sastra bukan sekadar persoalan komunikasi dan seni, melainkan lebih jauh dari itu, yaitu persoalan yang secara esensial membangun kunci-kunci jawaban atas pertanyaan mengapa dan bagaimana menyikapi kehidupan ini dengan cara pandang dan logika berpikir yang dinamis, kreatif, jernih, dan jujur. Bahasa lebih dari sekadar simbol huruf, kata, dan kalimat yang digunakan sebagai sarana yang memungkinkan manusia berada dalam jaring-jaring sosial; dan sastra lebih dari sekadar permainan ekspresi manusia sebagai salah satu realisasi sifatnya yang *homo ludens*. Oleh karena itu, bahasa dan sastra, sejak awal mula dan sampai pada akhirnya, membangun upaya terus-menerus yang membawa manusia dan kehidupannya tak sekadar pada arti, tetapi juga sampai pada makna. Hal demikian berarti bahwa persoalan bahasa dan sastra layak diposisikan sebagai sesuatu yang sangat penting dan mesti diperhatikan.

Berpegang pada pernyataan itulah, sebagai instansi pemerintah yang mendapat tugas di bidang kebahasaan dan kesastraan, Balai Bahasa Jawa Tengah, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, melakukan serangkaian aktivitas yang diharapkan menjadi modal dan faktor pendorong terciptanya bangunan kehidupan masyarakat (manusia) yang lebih bermakna, tidak hanya sebatas di wilayah Jawa Tengah, tetapi di mana pun. Di antara sekian banyak aktivitas

tersebut, selain pembinaan langsung kepada para pengguna (penutur) bahasa dan penikmat (apresiator) sastra yang berupa penyuluhan, bengkel, pelatihan, festival, dan lomba/sayembara, juga pengembangan korpus yang berupa penyusunan dan penerbitan buku-buku kebahasaan dan kesastraan, baik Indonesia maupun daerah.

Penyusunan dan penerbitan buku-buku kebahasaan dan kesastraan menjadi sangat penting karena aktivitas demikian, lagi-lagi, tidak sekadar berhenti pada nilai dokumentasi, tetapi melaluinya dipastikan sebuah peradaban akan terbangun. Diyakini demikian karena sampai hari ini kita percaya bahwa—menurut pepatah Latin—kata-kata tertulis (tulisan, *scripta*) akan selalu abadi (dikenang, berulang, *manent*), sedangkan kata-kata lisan (ucapan, verbal) akan cepat sirna (hilang, musnah, *volent*). Memang benar bahwa kita tidak akan tahu selamanya siapa itu Plato, Aristoteles, Mangkunegara, Ranggawarsita, Pramoedya Ananta Toer, Rendra, dan tokoh-tokoh besar lainnya tanpa pernah membaca buku (tulisan) mereka. Oleh karena itu, sudah sepantasnya apabila penerbitan buku-buku kebahasaan dan kesastraan sebagai upaya pembangun peradaban (yang humanis) mendapat dukungan dari semua pihak.

Buku berjudul ***Republik Tegalan: Antologi Puisi*** karangan para penyair Tegal ini merupakan salah satu dari sekian banyak wujud dukungan terhadap upaya sebagaimana dikatakan di atas. Buku ini berisi 87 puisi berbahasa Jawa (dialek) Tegal yang ditulis oleh 33 penyair Tegal. Diharapkan apa yang disajikan di dalam buku ini bermanfaat bagi khalayak luas dalam upaya membangun peradaban yang konstruktif dan humanis.

Atas nama Balai Bahasa Jawa Tengah kami mengucapkan terima kasih kepada seluruh tim kerja, baik penggagas, penulis, penilai, pemberi pengantar, pengulas, penyunting, maupun panitia penerbitan sehingga buku ini layak dibaca oleh khalayak. Kami yakin bahwa tak ada satu pun kerja yang sempurna, dan

oleh karenanya, kehadiran buku ini terbuka bagi kritik dan saran. Kami hanya ingin buku ini membuka cakrawala hidup dan pikiran kita.

Semarang, Oktober 2018

Dr. Tirto Suwondo, M.Hum.

PENGANTAR

Dr. Maufur

Wis dadi kocapé masyarakat Tegal lan seputarané, yèn Tegal kuwé kasebut "Tegal Kota Laka-Laka." Tihalé nganggo tembung *laka-laka*, sing artiné laka tunggalé, laka liyané, utawa mung-mungé. Tapineng tembung *laka-laka*, nang obrolan budhaya, njeroné bisa nduwé maksud, "Tegal Ana-Ana." Ana-ana baé, apa-apa ana, pokoké serba ana.

Kejaba wis ana Presiden Mahasiswa nang kampus-kampus, ana uga Présidèn Penyair, Présidèn Wangsalan, lan présidèn-présidèn liyané. Wingi-wingi Tambari Gustam usul, "Ana basa tegalan, ya kuduné ana suku tegalan. Enyong kepala sukuné ya kena." Éh, saiki nongol buku dinéin judul ora tanggung-tanggung, "Republik Tegalan".

Yèn Lembaga Pengkajian lan Pengembangan Basa Tegal lagi siap-siap brontak, pan nganakena Kongrès Basa Tegal kaping loro, supaya bocah-bocah sekolah nang Tegal aja dijajah nganggo basa Jawa wétanan (Solo-Yogya), éh malah sastrawan Tegalan wis ngadegna Republik Tegalan (Kumpulan Puisi Tegalan).

Arané gèn republik, dadi isiné ya macem-macem kahanan panguripan sing ana nang Tegal. Panguripan sing katon kasat mata, tapi ana uga sing ora katon, merga anané nang sawaliké, bisa diporèt, diolah pikir, disusun kawujud narasi, disusun, lan dadi puisi. Kedadian sing wis kliwat, dadi sejarah. Kedadian sing èngin ramé-ramé dilakoni, dadi kiblat. Uga kedadian sing pan teka, dadi perkiraan lan pangétungan. Dadi ana sejarah, ana mélinia, lan ana pengramalan.

Dicritakena anané rangda sing kaniaya kanthi tangis njarem, dinaséhati ben aja mung kumyah-kumyah, tapi supaya sing brayan. Merga yèn salah milih langgam bisa salah mangsa, lan bisa dadi rekasa mengkoné.

Ana soal kasmaran, dolanan, politik (apa maning manjing taun politik), sing lagi nggo omongan nang dunya pendidikan, makarya bèn bisa nggo umah-umah, bèn aja kedubragan lan aja awagan, apa maning dadi wal-wal keduwal. Kejaba kuwé, Tegal nduwé Kali Gung nggawa banyu, nduwé PAI nggo rékréasi, nduwé alun-alun nggo mlaku-mlaku alon-alon. Cindheké kabèh kyé ana, dicritakena, bèn sing maca dadi paham lan olih pelajaran sing nduwé rega.

Kejaba kuwé, gairah berkréasi para sastrawan nggawé puisi nganggo basa Tegalan perlu diregani karo sing lagi padha maca, sapira mbuh sapira. Merga miturut enyong, buku kiyé bagian saka tonggak-tonggak sejarah perkembangan basa Tegalan, sing wis dilakoni kambèn kanca-kanca sing wis ndhisiti. Karo ndonga, muga-muga mengkoné bisa anjog pucuk-pucuk kejayaan. Monggo diwaos ingkang kanthi sekéca,nyambi lèyèh-lèyèh.

Tegal, 7 Agustus 2018

DAFTAR ISI

Pengantar Kepala Balai Bahasa Jawa Tengah ..... **iii**
Pengantar Dr. Maufur ..... **vii**
Daftar Isi ..... **ix**

Yono Daryono
Kalingan 1
Mantra 2
Kali Bacin 4
Pan Dadi Apa 5
Lenggaong 6

Lanang Setiawan
Kaniaya 8
Tangis Njarem 15

Maufur
Pimpinan 18
Lelaku Santri 19
Sandhal Japit nang Masjid 20

Dhenok Harti
Wong Lanang II 21
Wong Lanang III (Bayangan) 22

Atmo Tan Sidik
Kowen Milih Lagune Apa? 23
Udan Salah Mangsa 25
Istighotsah nggo Pejabat sing Mateni Hapene 27
Talkim Lebé 29
Safii Nyembeléh Sapi 31

Apito Lahire
Gorèh 33
Kipat Kipit Képot 34
Kumyah Kumyah 36

H. Tambari Gustam
Klayu maring Cah Ayu 38
Monas 40
Apa Iya 41
Dhemen Nganti Mendem 44
Wolak Walik 46

Dwi Ery Santoso
Laku Sukma, Maca Jiwa 48
Cemloroté Lintang nang Ndhuwur Pejaratan
(kanggo batir sing krasa) 50
Mampir nang Istana 52
Iwak Sontong Diwadhahi Kètèl 53
Chesa I 54

Abdullah Sungkar
Martoloyo 56
Wis Adem 58

Nilam Rahma Cahya
Sing Tak Enténi Pemimpin Anyar 59
Dongéng Kepatén 62
Kebo Mluku 63

Sl. Gaharu
Aku Bisané Mung Motrèt 64
Péngin Balik 65

Endhy Kepanjen
Nglurug Pusaté Kota 67
Pertanda Apa Maning 68

Ipuk N.m. Nur
Nglilira Siro 70
Linglung 71

Apas Khafasi
Nging 72
Tuma 74
J vs P 75
Kanggo Kuli Kuli 76

Mohammad Ayyub
Umah 1 78
Umah 2 79
Umah 3 80

Dhimas Riyanto
Topèng Mlaku 82
Lugu Tapi Ayu 83

R. Jayeng Jaladara
Sajak Karijan Nyalon Déwan 84
Enyong Dudu Sapa-Sapa 86
Kajogan 87

Untung Purwadi
Bengi Atis Nemen 89
Wulan Agung 90

Budi Priyanto
Kakangé 91

Arief Turatno
Aja Pilih Sing Gedhubragan 93
Itung-Itung Ngrungokna Radio 95

Julis Nur Hussein
Awit Saiki 96
Wadul 97

Moch. Mi'roj Adhika A.s.
Taun Politik 98
Paceklik 99
Kepribèn 101

Tofik Rochadi
SKTM Pancèn Sakti 102
Nandur Pari Jaman Saiki 104
Warta Hoax 105
Wal Wal Keduwal 107

Kurnia Effendi
Randhu Alas 109
Jubika 110
Nyekar 111
Kali Gung 112

Makmuri
Goroh 113
Wong Tani 114

Tommy Aziz
Sepasang Mata Kembang 115
Pai Dadi Saksi 116

Didi Kaha
Oprasi = (Basa-Basi) 117

Sutiyowati
Kowen 119

Alfi Inayah
Mlongo 120

Gani Albar A.
Ader Merdhéka? 121

M. Faizal Umar
Alun Alun Slawi 123

M. Khamdani
Mardiah 124

Yono Daryono
Basa Tegal Warisan Budayane Wong Tegal 125

Biodata Penyair 131

YONO DARYONO

Kalingan

Diéling-éling ora kèlingan
kèlingan sotén kalingan
awak wis glopot maning
alon-alon mlakua èbèn ora kesandhung

Diéling-éling ora kèlingan
kèlingan sotén kalingan
kalingan dadi ora kèlingan
kèlingan enyong kélangan

Diéling-éling ora kèlingan
kèlingan sotén kalingan
aling-aling dhuwuré ora mupakat
aja éling merga kélangan

Wis mlaku adoh ora wani nglinguk mburi
waniné dhong ana sing nguwuri
enyong emoh enyong ora gelem
dhuwit mung sadluwang
malah kélangan bebatiran

Kèlingan mung baé kalingan
dadiné malah kélangan

Tegal, Agustus 2018

YONO DARYONO

Mantra

Nyai-nyai njaluk puluté
sing mandi nggo aku
sing ora mandi nggo rika

Pulut nang biting blarak mentul-mentul
bocah padha mingcup kinjeng

Tik blirik kinjeng tok blorok
ana bubur sebathok
ora ènthèng nggo simbok
dolané padha lampar mègin baé kémutan mboké

Ananeng...ananing...uninung...uninang...!

Lisus-lisus
dundangan barat gedhé
tak upahi duduh tapé

Padha ngulukna layangan
olih-olihé malah pati angin
ora bada tibané mung sing sot

Ananeng...ananing...uninung...uninang

Taugé taugé udané sing gedhé
taurang taurang udané sing terang
wolak-walik olih njaluk

ora mantep ora madhep
udan pancèn mesthi ana terangé

Ananeng...ananing...uninung...uninang

Tegal, Agustus 2018

YONO DARYONO

Kali Bacin

Sing kidul sing Gunung Slamet
Kali Gung dadi tuk kesuburan
nguripi winih-winih
dadi pari nguripé nyawa sebrayat
anjogé muara
ora kolu ora ngileng
keliré ireng mambuné baleng

Miliné kali kuwé anjog muara
banyuné buthek mambuné bacin
anjogé muara kalis ganing biruné segara
tapikèn wong tetep ngarani Kali Bacin

Dhong bengi
wulan kluwung
ora éling baciné kali
kèlingan ngrangkul impèn
sing nyiksa rina-wengi
anteb manggul larané ati

Tegal, Agsutus 2018

YONO DARYONO

Pan Dadi Apa

Padha onggrongan padha klalèn kaya ninggal léwa
toli kaya kuwé nganti kowen padha kejeblos nang kuburan
aja kaya kuwé, mbésuk kowen ngarti belèh
adong sing kaya kuwé padha baé kendhat
pan njegur geni mulad-mulad mbarengi klabang géni raté geni
segurungé maring neraka dilandrat toli majing bui
merga korupsi atawa kolusi
kuwé apa dudu prekara sing gawé wirangé keluwarga

Nggolèti sing gawé maremé dunya nganti jiwané nglemprek
balungé pating ketepuk rohé mabur-mabur
ora genah nggoléti pepadhang atawa pijar
nang panggonan peteng
urip mung sapisan kuduné bèn urip mbarengi kembang
sing padha megar wanginé jaman
wangi ora ketulung terus oyag aja aleman
njagani dlanggung aja kesandhung

Tegal, Agustus 2018

YONO DARYONO

Lenggaong

Aran sing diwedèni, disengit
mung baé akèh sing seneng
lenggaong sing gawé oyagé révolusi sosial
nang Tegal, Brebes, lan Pemalang gawé oreg
pamong praja kocar-kocar akèh sing godras getih
sabagja-bagjané didhongbrèng mubeng kota

Arang sing diwedèni, disengit
mung baé akèh sing seneng
sing wani nglawan maring pamong praja korup
sing nindhas rakyat
ora sapa ora sapa
lenggaong laka wediné matèni atawa ngrampok
dhuwité wong sing onggrongan pendirangan
tapiké ora nggo dhèwèk
dibagi nggo rakyat sing mlaraté nggéndhong pejaratan
mlarat jirat
ora duwé bandha
duwéné pejaratan
kaya robin hud
kaya maling aguna
mbuh baé
Polahé lenggaong merga akèh wong wateké njejèhi
penguasané korup, kejem mbélani landa
bandhit-bandhit révolusi ujud nyata rakyat sing dugal
akèh sing ngawag
wetengé ngelih pikiran ngalih
ora lurah ora lebé

ora camat ora wedana
ora pangrèh praja ora bupati sapa sing nyolong
dhuwité rakyat
diganyang didombrèng diarak nggo tontonan

Lenggaong kuwé rakyat sing nglawan
pejabat sing apèn-apèn apik jebulé mblunat
mbusleng
pejabat sing apèn-apèné éman jebulé garong
burakrantak !!!

Tegal, Agustus 2018

LANANG SETIAWAN

Kaniaya

Wayah uput-uput ngadhepi subuh
langit keglibed mendhung
wulané surem riyem-riyem nunjem
mbobot petaka aniaya njarem

Ning kala samana
lonjoran awaké kowen ngglèlèng nang pangkon
banyu mata ndlèwèr
mili deres lon-lon nelesi clanané enyong

Karo kamisesegen kowen crita pedhot-pedhot
soal nasibé sing kesingkel, tobat-tobata

Selawas manggon nang donya, durung tau nemu begja
gonta-ganti bojo, kabèh durjana

"Bojo kaping siji
nyong kur didadèkna budhak nafsu
sar-ser padha baéné bocah mbathang
kapan baé siap menthang

Ngémuti riwayat sing kaya kuwé
atiné enyong kaya disèsèt nganggo wilad
perihé, njaremé, nyer-nyerané ora kira-kira

Duwé laki ora ngregani ora ngajèni
nyong blèh sanggup blèh kuwat
setaun kurang limang dina nyong pegatan."

(Krungu omongan kaya kuwé
matané enyong tak meremna
cungur nyedot ambekan nahan ngilu sing
ngantem ati)

"Nyong ngarep-arep tekané laki
sing bisa ngayomi, ngrumati,nyandhangi, nyandhingi
lan nyandhungi
Sung nyong ngarep-arep

Kersané Pengéran, pengarepé enyong kelaksana
teka wong bagus ora keduga
nyong dhemen, dhèwèké uga padha

Wulan Sawal nyong nganténan
bubar buka klambu, nyong ngadhep maring Pengéran
nyong nangis, banyu mata taksuntek kaya udan ngericek
nyong jaluk supados bebojoan kaping loro langgeng
nantikén kakèk-ninèn
aja kosih ana goda, aja kosih ana sambékala
aja maning-maning mara-kuciwa

Ora baèn-baèn nyong maneges jejaluk
bèn rumahtanggané enyong adem jilem
rukun lan begja sentosa

Sedina rong dina
saminggu sawulan-wulan takliwati
laka udan laka baratan
laki keloroné enyong sing taksubya-subya
ora béda bajingan tengik, nyong ditinggal prul
harta-bendhané enyong digondhol
paribasané entèng bèbèk entèng ayam

Nyong nangis gulung kuming
nyong mrina kelara-lara, nyong kebodho nyong ketipu
kebodho lan ketipu gedhéan

Ping loro nyong nyandhang status randha
mbobot bocah siji nang wetengan"

(Krungu omongan kaya kuwé
ambekané enyong ndadak macet
kulung ati kaya kejiret)

"Sangang wulan luwih limang dina
jabang bayi mbrojol
pendhak nyawang rai si bocah
nyong najis dubilah belis kepénginé nggecek-gecek
kebayangé rai si Dalban
bener-bener enyong keliru, salah pilih laki asu."

Langit wayah uput-uput ngadhepi subuh
mangkina ketutup mendhung tapiné ora pan udan
pengangené enyong nglayab maring ngendi paran
pungkas klayaban, ngebroké maring riwayat dhèwèké
sing mangkina rodhal-radhil penguripané
kuwé babakan sadurungé bebojoan karo enyong

Tésih nang pangkoné enyong, dhèwèké nerusna crita
clanané enyong teles klebes ganing banyu matané
nang ndhuwur, langit sangsaya riyem-riyem
nyangga kelu lan ngilu njarem

"Senajan nyong najis maring tlotoké enyong
tapiné tetep tak opèni nganti gedhé
setaun, rong taun, limang taun
nyong ketiban apes nyandhang status randha maning

Nyandhang status randha kaping loro
suwé-suwé nyong blèh kuwat ngempet kepénginan
nyong mbojo maning
ora dadi ngapa, ora dadi soal
wong tuwa sing tak gaèt dadi lakiné enyong
sing penting nyong duwé pengayom

Dina-dina mlaku
wulan uga mlaku

Jebul...
ora enom ora sing tuwa asu teles kabèh
nyong ketipu maning, nyong salah pilih maning
nyong keblosok maning

Pancèn takakoni
sanalika nyong bebojoan kambèn laki ketelu
gawan bayi sundel jalangé enyong kumat
nyong ndhekemi lakiné wong liya
bisa dikandhakna nyong poliandri
sedheng dhèwèké poligami, tapiné meneng-menengan

Telung taun nyong nglakoni poliandri
latané konangan enyong pegatan maning

Rong taun nyong urip dhèwèkan
rasané sepi nyenyet
yèn bengi krasa atis, nyong butuh kemul
anget-anget bèn dikekepi
diambungi lan seterusé

Ora ngira ora nyangka
teka wong lanang liya kemecer maring enyong

lan pancèné nyong butuh
mergané ora suwé nyong mantènan

Sanalika kuwé nyong ngrasakna
bebojoan kaping papat énak écol saporèt-porèt
mung gurung genep setaun
umur bebojoané enyong karo dhèwèké ora dawa

Pasalé?
Laki anyaré enyong ora béda kaya dené
lakiné enyong sing uwis-uwis
Jebul dhèwèké wis duwé bojo
lan anaké moyèk
nyong ora nyangka ora ngira
maning-maning nyong keliru
salah pilih maning
nyong nyandhang maning status randha kaping kapat

Nyong beléh ngarti dosané enyong dongé apa
takrenung-renung takpikir-pikir takémut-émut
salah lan dosané enyong akhiré ketemu

Jebul
jaman nyong tégin enoman sadurungé nikahan
enyong tau nglakoni kumpul kebo
kosih wani nggugurna pranakan

Limang taun nyong nglakoni maksiat
urip lanang wadon laka pengikat
orabada nyong pisahan latané nyong dikawina
gonéng ramané enyong, bojo sing pertama

Ya..ya! Nyong kémutan asal-usul mblatangé enyong
dosa sing gedhéné sambané jagad

akhiré ndadékna tekané pengapesan
nyong dadi randa enom, njeremé mbangkana-kana

Ah.. nèk diétung-étung nyong dadi randha sadurungé
bebojoan resmi
duh Gusti bebojoan laka sing peta, wanyad kabèh"

(Sung! Krungu omongan kaya kuwé
ati krasa kesuduk tapiné uga ngemu dhugal
mung ajibé banyu matané enyong ngecembong
latané mili dlèwèran golong-golong
bener-bener nyong blèh kuwat nyangga ngilu
nangis bareng kambèn dhèwèké
nggrentesé saporèt-porèt
lonjoran awaké taksikep rapet-jipet
dhèwèké uga nyikep kaya ora pan diuculna)
"Tulung, Kang Mas
sapisan kiyé nyong njaluk lega lilané sampéyan
aja nampik dhemen kesumaté enyong kosihkèn ngembang
ning jero dhadhané sampéyan

Wis lara nemen jiwa-ragané enyong kosihkèn ngrintih
dhadhal kowol-kowol daning gundah gulana
lan gupak koprot aniaya

Enyong ora sanggup nyangga siksa maha-maha
nyong ora kuwat mbendhung dukana melep-melep
banyu matané enyong uwis esat
garing kaya mangsa ketiga kemlethak

Maring sapa baé nyong ora duwé pengarep-arep
kejaba sampéyan, aja dhusta aja mbodhoni aja khianat
bèn baé pungkas uripé enyong mbekti
kur maring sampéyan nganti tekané pati

Maring sampéyan nyong ora pan jejaluk
Sung! Nyong lila urip saanané
paribasan sadina mangan sadina puasa
nyong ora butuh perhiasan intan berlian
nyong wis klakon seneng-seneng
hèr-hèran jaman ramané enyong dadi pejabat

Butuhé enyong sandharan
cinta utuhé sampéyan sing takjaluk
aja kosih remuk aja nganti kebebek-bebek

Sapisan maning enyong jaluk tulung, Kang Mas
nyong aja digawé lelara aja disia-sia
ning adhepané sampéyan, nyong ngrasa
surgané enyong mangkina cedhek
nyong péngin mati sempurna sewaktu nyong dikekepi
sampéyan...."

(Krungu omongan kaya kuwé
dhadhané enyong jontas, kurugan ngilu ora mupakat
agé-agé dhèwèké taksikep kenceng nemen)

Nang nduwur
langit wayah uput-uput ngadhepi subuh
warna abangé ilang blas, ketutup mendhung ireng ngeduweng
ujug-ujug udané teka
nyong nangis dhèwèkan dheleg-dheleg nang kondhong
kemutan dhèwèké sing wis ora nana
mati tabrakan bareng lanangan liya
embuh sing kepira!

Sabtu, 2 Juni 2018

LANANG SETIAWAN

Tangis Njarem

Nang matané kowen ana geni angas gemladhag
ana banyu umeb mbulak-mbulak
ana kucuran lava gunung mangar-mangar
sangganen larané kowen kayadéné larané enyong
sanalika nyandhang keyungyun ditinggal lunga

Waktu samana
paribasané nyong padha baéné layangan dipok
kolon temen kowen maring enyong
tegel temen kowen maring enyong
ati digawé kowol-kowol

Enyong nggebeg kuping
sithik turut sithik mbangun kesumat
ngincer anak prawané kowen

Aja takon dosa aja kaniaya
aja lelara aja klabakan
utang lara nyaur lara
utang ala nyaur ala

Kowen kolon enyong kolon
kowen tegel enyong tegel
kowen kolu enyong kolu
kowen kejem enyong kejem
kowen téga enyong téga

Takwales masacha ora kewales
takniati seniat-niat
mèn kowen ngerti maring bab kesumat
rasa urip kaya disilèt-silèt

Niat ingsung nganggo kemat paling hébat
anak prawané kowen takcecer takpleter
engko gèn klepek-klepek
Ajiané enyong jala sutra:
man sapa uwongé kesrimbed
laka sing bisa nandangi
mangkina ditandangi mangkina kejiret
sangsaya kejiret mangkina kejet-kejet

Sewaktu kuwé
tontonen anak prawané kowen
awak sagluntung bakal dipasrahna
ora pan nampik sing dadi kekarepané enyong

Ya! Nyata?
Patang wulan anak prawané kowen
mbobot calon putuné kowen
nang kéné kyèh! Sing arané lanang ala-ala menang
rasakena piwalesané enyong

Sanalika kowen ngerti sapa dhemenan anaké kowen
dhadhané kowen ndadak rompal
setengah mati kowen ndhelak-ndhelak
lan nyong nyeksèni kowen nggléthak
dhadhané munggah mudhun ambekané nyaris njepat

Lara?
Ya... larané ora kira-kira
Getun?

Ya... getuné mbangkana-kana
Tapi getun sing ngendi sing kowen getuni?
Kajogan?
Kajogan mbangendi sing kowen kajogani?
Karo nangis nggolo kowen mamprang-mamprang
persis wong kesurupan
nang njero ati nyong jejingkrakan
:"Rasakena tikaman piwalesané enyong!"

Kowen kejem, enyong uga luwih kejem
kowen gawé lelara, walesané enyong luwih njarem
kowen ora duwé pengrasa, rasané enyong takmatikna

Gemiyen kowen calon bojo saiki calon mertuwa
yén kowen durung ngrasakna njaremé ati
piwalesané enyong ngédap-ngédapi
gèn mati, nyong blèh peduli
kowen téga nyong raja téga!

Jemuah, 15 Juni 2018

LANANG SETIAWAN

Pimpinan

Pimpinan kuwé dudu barang sepélé
ragad ngranggèh tahta ora péré-péré
gedhéné laka padhané

Pimpinan kuwé kudu dadi panutan
aja nganti diatur bawahan

Sifaté bawahan diatur atasan
kudu nurut apa jaré atasan

Bawahan salah, kur-kuré dimutasi
banter-banteré dinonjob
mengko gèn jabatané dibalékna

Sèjèn nék atasan dinonjob
jabatané putes, apes pisan dikunjara

Dadia pimpinan sing tegas dudu angas
dadia pimpinan sing ditresnani
dudu disenèni

Tegal, 17 Agustus 2018

MAUFUR

Lelaku Santri

Aja maning ngimpi, turu lali baé durung
aja maning ngopi, nggodhog banyu baé wurung
pribèn pan nganggo topi, wong ning ngisoré nganggo sarung
Ora sida mangan lawuh daging sapi nang warung

Tangi turu ndonga ndhisit, bar kuwé adus nganti bersih
mapag subuh maring mesjid, solat sunah aja kosi kesisih
sadurungé mbuka koran, wis maca ayat-ayat Al-qur'an
sadurunge mangkat kerja, wis dilakoni solat duha.
nyong kudu ikhlas takdir Gusti
sing wis nentukna lair lan pati
sing penting ndonga saban dina
lan usaha temenan mbang kana-kana

Uga ora mung kerja lan mikir, tapi kambèn ndonga lan dzikir
rejeki sing diparani, ora mung dhuwit sing taktampani
tapi nikmat séhat, nikmat sempat, lan ilmu manfaat

Kuwé arané sangu dunia akherat

Tegal, 3 Maret 2017

MAUFUR

Sandhal Japit nang Masjid

Saben-saben pan manjing masjid
nang undag-undagan ngarep lawang
sing kedeleng rentengan sandhal japit
enyong lumayan suwé nyawang
nitèni siji turut siji kanthi telatèn

Neliti siji-siji kanthi teliti
ana belèh sandhal japit anak-anakku
yén wis ana kedeleng
sing ana mung rasa ati seneng
anak-anakku wis mangkat luwih dhisiti.

Tegal, 7 September 2018

DHENOK HARTI

Wong Lanang II

Sapa wongé sing ora jèngkèl
ndeleng wong lanang nggawé mangkel
wong goblog tapi keminter
ngakuné paling bener

Omongané ora kena diandel
wong wadon salah la.. nggrundel
uteké ngeres kaya got
apa maning weruh bokong ngégat-ngégot

Jaman saiki wong wadon wis kendel
ndeleng wong lanang nggawé sebel
ora mikir dawa... pegat
luruh maning sing nduwé pangkat

21 Desember 1994

DHENOK HARTI

Wong Lanang III (Bayangan)

Jogrog sing laka padhané ana nang kana
matané enyong tak meremna
kowen mesti teka
ngejak maring alas sing akhiré dibabad dadi surga
dina sing pan teka
kuwé mung kanggo enyong karo kowen

Jogrog sing laka padhané ana nang kana
ora bakal ngeclap sekang ati
cipokané sing alus, kelonané sing anget
tangan-tangané bisa nyangga enyong tekan ndhuwur
rasané angèl luruh padhané:
nang Tegal laka, Pemalang durung ana
kota sing tau tak tuju langka
anané nang kana!

Sangger laut dadi mangsi
toli wit-witan dadi bolpoin
ndéan baé mésih kurang olihé nggo ngalem kowen
tapi enyong percaya karo sing nggawé urip
kapan waktuné mesthi ditemokna karo
kowen sing anané nang:
kana!

Tegal 1994

ATMO TAN SIDIK

Kowen Milih Lagune Apa?

Sing teliti anggon maca
kulir apa kurir
Sarja apa sarjana
sampéyan dirjèn apa Durjan
sing brayan baé
éndah Man Tarlan Man Walan olih dalan
éndah Bi Soyem uripé ayem
éndah Mbah Murah ésih nduwé turah

Kèh delengen sejarah
lagi mlarat unggah-ungguh ngomongé bebasa
tembé pan mulya sombongé kaya pan nguras segara
lagi priyatin monine pan ngambah syariah
lagi ora nduwé dhuwit gelem temungkul
tembé duwé sathithik wis pan ndengkul
kowen dongé sapa?

Kayong ora duwé rumangsa matané kedhap-kedhip
mlakuné miring-miring kaya yuyu sing nembé baé
mentas ning darat

Sing jelas milih baé laguné
yèn péngin akèh suwarané kudu sering sawerané
sing jelas pan campursari apa campursaru
aja danggep wong kabèh ora ngerti
sing jelas milih laguné
sing jelas ukuran mines kacamatané
karo nomer CD-né

nomer rekeningé
nomer pengrasané éndah lebéné jelas waktu nalkiné
sing njaluk lagu kelowas
goyang dombrèt
kucing garong
salamin bait
habibi ya nurul aini
apa maulanané nisa sabyan
apa lagu indonesia raya
padamu negri
maju tak gentar
rayuan pulo kelapa
sukur
ari judulé lagu sing dikarang w.r. supratman
sing benerjudhulé indonesia raya
dudu indonesia rayahan

Sepisan maning sing bener dudu indonesia rayahan
tapi indonesia raya
toli kowen tetep cengkèrèg
sakarepé los mana
wong kuburané dhèwèk-dhèwèk
tapi ida laila yèn nembangna lagu sing judulé siksa kubur
sapa baé mbuh
insinyur
direktur
bakul bubur bakalé manjing kubur
sing takabur disiksa kejebur

Marpangat, Agustus 2018

ATMO TAN SIDIK

Udan Salah Mangsa

Akéh wong pada mbuka kitab
mbuka buku, buku aturan-aturan
wasiat, wasiat karo cekelan bathuk
neng ning nung nang

Kepribèn dongé
wong tuwa wis mèin aran
Sajad tapi ora gelem sujud
Sukur tapi suker
Saliman tapi ora gelem salaman
Kadar akalé kadher tapi kèdher
Kandhar tapi kondhor

Takpikir kejadéan kaya kiyé
ora padha karo kekarepané
ibaraté udan salah mangsa
sing sebabé menungsa glopot dosa
sebab kegedhèn rumangsa

Lurah ilang pologoroné
pemrentah ilang kawibawané
penulis kélangan témané
wong désa kélangan lumbungé
keluwarga padha ilang silsilahé

Kyai ilang tasbéhé
umat ilang jamaahé
majikan kélangan rasa nyapané

calon-calon kélangan kursiné
Jaman saiki kabéh baé lagi ngrajug dugal
getun ketuwon nangis nglolo nangis kebo
nang bab ana udan salah mangsa
menungsa lamon tah mung sekedhar utek karo ati
nang warung padhang
nang warung Tegal akèhé ora karuwan
tapi menungsa jaman kiyé sing dibutuhna
rasa rasa rasa

Wis kamiluyuten umat padha dedonga
njaluk dikabulna mulané ayuh padha balik
maring élmu sangkanparan
èbèn imbang anggoné pikir karo dzikir
dadi iman ngwujudna rasa aman
bèn kabèh moni aamiin
aja alesan kuwé mung salah ketik
mung salah ketok
sebab lamon mukir wani nabrak
mesthi nggléthak burak-rantak
tak tak tak

Dina kiyé lakoné sajeroné peteng ana ala
ngaji surasa anané udan sing salah mangsa

Tegal, Agustus 2018

ATMO TAN SIDIK

Istighotsah nggo Pejabat sing Mateni Hapene

Ana udan barat ngancawura bledhegé ngampar-ngampar
kebonan kebanjiran lemah-lemah padha longsor
wedhus kebo padha kéntir
rakyat pating jlerit
èsih ana baé kelakuané menungsa padhahal pejabat
tapi matèni hpné
barang dicèk neng umahé dhèwèké lagi santé-santé
ngerti keadaan sing kaya kuwé rakyat ora dadi trimané

Lamon sampéyan bagus jebulé mung gawé lara usus
lamon sampéyan katoné ayu jebulé mung gawékaku
lamon sampéyan tau sumpah jebulé mung serapah
lamon sampéyan wongé sugih
rakyat ora kéré dunyané kowen mulané dina kiyé
lamon èsih gelem diélingaken ya sukur
barang ora gelem diélingaken aku ya ora suker
Yèn kendaraané sampéyan kuwe sing negara
artiné sing rakyat
gajian supiré sampéyan ya sing rakyat
bènsiné ya sing negara artine ya sing rakyat
surat perjalanan dinasé ya sing negara
artiné ya sing rakyat
tunjangan jabatané sampéyan ya sing negara
artiné ya sing rakyat

lahka sampéyan kayong betah maksiat
khianat karo amanat rakyat
kuwé wis jelas mblunat

Sekarat pancèn tipis bédané
pejabat karo penjahat pancèn tipis bédané
pemborong karo pembohong pancèn tipis bédané
déwan perwakilan rakyat karo kéwan perwakilan rakyat
pancèn tipis bédané
kedhélé karo kéledhé pancèn tipis bédané
tenang karo tegang pancèn tipis bédané
lamon péngin negara indonesia ngalami jaman emas
apa cemas pancèn tipis
lamon niat nguripna hp karo maténi hp
tapi sing jelas gedhé bédané nar karo nur
kepala désa karo kepala dosa
pan nang sorga apa pan nang neraka
kari-kari sampéyan niaté pan nguripna
apa matèni hp?
Pas keadaan rakyat lagi butuh pitulungané

Mulané nang dina kiyé laka téma istighotsah sing
luwih penting
luwih moncèr
luwih mbranang sing lagi dadi gegayuané warga
kejaba nganakna istighotsah istighotsah istighotsah
Istighotsah kanggo pejabat sing matèni hpné

Tegal, 22 Agustus 2018

ATMO TAN SIDIK

Talkim Lebé

Pibèn dhongé kiyé berita hoax apa berita hak
ngumbar ujaran kebajikan apa ujaran kebencian
nang ngarep mèsem-mèseman
mburi tangané ngepel pan antem-anteman

Ngarepé ramah mburiné ghibah
nang lambéné katoné madu néng atiné asu
asu ngadhep rai mungkur ati
padhahal dudu tunggal mbok séjén bapak
dudu tunggal bapak séjén mbok ésih tunggal putu
ngopèni satru ésih tunggal buyut tapi nasabé ora bisa ngurut
duwé nasab ora nisob moniné nasib ésih tunggal canggah
tapi crah gawé bubrah ora ngolèti woh tapi ngolèti wah
jebulé kabéh ana ilmuné
wong nyembeléh wedhus, kebo, utawa sapi
éndah dagingé ora prengusana élmuné
lamon lagi nggorok posisiné kéwan lagi narik ambekan
toli gobangé nges dagingé bakal prengus
tapi lamon pas nyembeléh si kéwan lagi huuh ngetokna
ambekan
dagingé ora prengus
mulané luguné waktuné lebé lagi maca talkin
luguné kanggo wong loro:
talkin mayid tujuané nggo wong sing tembé mati
talkin hayitluguné kanggo sing urip éndah padha gelem maca
gelem ngaji rasa
yén ning Banjarnegara ana candra:
"landhak mati anéng elèngé"

nang Purwokerto duwé candra:
"kebo gupak ing talunan"
nang Banyumas duwé candra:
"bayem gatel tukul ing tegal
nang Pekalongan:merak ngigel sinonderan
nang Tegal:banthèng lorèng binoncéngan
nang Pemalang:watang putung
nang Cilacap:wedung sumlandhang
nang Purbalingga ana simbol:pandhan rangkep anéng
jro pasèban

Mulané ayuh saiki padha brayan ora usah gawé cidrané liyan
wayah kiyé lebé lagi pada nalkin sing nggo guna loro:lil mayid
karo lil hayit
apiké sampéyan ngélingi umah asalé mbokan langka
sing ngurus kebersihané
laka sing ngurus élmu karo lakuné kanggo betah
nang umah kana karo umah kéné
nang dunya karo akhératé
sing akèh istighfaré
sing akèh amal kebecikané kaya sing wis ditalkin
daning lebéné

Tegal, 22 Agustus 2018

ATMO TAN SIDIK

Safii Nyembeléh Sapi

Sahurup delengé sepélé
tapi gedhé nang bédané
kaji Iqbal béda karo kaji Ikmal
kaji Iqbal wong gamprit Brebes
kaji Ikmal pesurungan Kota Tegal
sapi napsuné hayawaniyah
Safii mestiné napsu mutmainah
mulané lagi nang dina idul adha
umat molai mbédakna anak solèh
apa anak salah
néng bab bédané sapi karo Safii
mbang kéné cukup méin arti
yén menungsa ilang kamanungsané
ana-ana baé julukané
wong plin-plan dipadhakna kéwan bunglon
wong ora duwé isin,rai badhak
wong ngrèntenaken,lintah dharat
wong tuwa maksiat baé,bandhot tua
wong akèh liciké,welut putih
wong sing licik nemen,kancil pileg
mulané Safii terus ngaji surat wal asri
sing nduwéni arti:
"sekawit mangsa
temen menungsa
ana néng sajeroné kapitunan
kejaba wong-wong sing padha percaya
nglakoni kebecikan
lan padha weling-welingan

temuju maring bebener
lan padha weling-welingan temuju maring kesabaran."

Umat sing padha gelem ngaji terus padha ngarti jebulé
selisih sahurup ora sembarangan
bisa mbédakna sapa sapisapa Safii
aja nganti kewalik sapi nyembeléhSafii
sebab sing bener Safii nyembeléh sapi

Tegal, Agustus 2018

APITO LAHIRE

Gorèh

Gorèh
gogoh urip sing sarèh
aja nyetili
galgil
mbokan kongseb awu anget

Gorèh
luruh rècèh menggèh-menggèh
aja nyikut
aja dobol
aja mrupus
mbokan kebrangus
kedulit mendilé wedhus

Gorèh
mangan ya mangan
aja ngrawuk

Nginung ya nginung
ora ngamuk
nyiak-nyiuk obat nyamut

Horééh gorèh
sing sarèh
anjog bud lempéh-lempéh

Teater Ngebyak, 7 Juli 2018

APITO LAHIRE

Kipat Kipit Képot

Kipat dikipit
kèpèt diképot
rakyat dijepit
penguasané kepèpèt dilorod

Kipat kipit
angin kemebul
bocah-bocah cilik 'nyundul'

Sapa pan mlukék mruka
jalukané ngalahna
brayahé
sadawané gili rezeki

Aja mlencing
aja runtag

Ayo nyong sampéyan kémon
aja mlongo cepon

Istiqomah
tawakal
sabar

Sabaré wong bebojonan
kudu ikhlas
Ora. Mung sawayah-wayah

Kipatna sing jelèk
klebu sing merem-melèk

Éhhh jebulé....

Yaowh

Wa, jaré aku dimatna baé

Yaowh

Warisan digolang
anak buah gemrudug
njaluk

Kipat kipit
dhuwit dilempit
kipat kèpèt
kamprèt

Somprèt
mrèbèt
kèprèt
jeprèt
jebrèd
mrèbèd
koslèt

Teater Ngembyak, 8 Juli 2018

APITO LAHIRE

Kumyah Kumyah

Kumyah-kumyah
sing mlebu weteng kudu genah
aja aspal ludhekan
aja beras pliridan
aja bénsin oplosan
aja lenga koléhan
aja amplop kebrangas

Éling anak bojo
weling wong tuwa
"Urip kuwé URIP... dudu mung
'nggancrit...kapicirit'...."

Urip kuwé GENAH
dudu mung obah
njejeg
mlayu
ngiting
ninggil
sirep yén ana mung dikarep

Giliran sepi...
nglangkep
metektek
cangkemé mangap watu
semèn
pasir
proyèk

karèt
timbal
plastik
raguman dhuwit
mesti disikep kekep

Kumyah-kumyah
tèh bulak-bulak langsung diembat
'ra peduli lambé njepat

Kumyah-kumyah cengis sawaring
dikruwes
'ra éling usus njengking
sing penting sagseg
wareg

Mangkané
akèh wong mirip
éh jebulé senengé cluthak
sashio méngkréng cengkréng
mregénggéng
nrénténg
ngempéng
céng cang céng céng

Teater Ngebyak, 8 Juli 2018

H. TAMBARI GUSTAM

Klayu maring Cah Ayu

Tengah wengi
ndeleng wulan néng ndhuwur langit
bunder kluwer pas tanggal limalas jawa

Nyawang wulan bunder
nyong kélingan cah ayu sing ndadèkna mindher
ora wani ngucap dhemen maring cah ayu

Nyong kesemsem maring ayuné
sing pas kaya wulan tanggal limalas

Ésemé kowen nggawé ati ora bisa turu
apa maning yén kowen adus néng pancuran
nyong niba-tangi kélingan jarit sing
nutupi awak putihé kowen

Nyong bisané mung nyawang sing kadohan
lekukan éndahé awaké kowen
kabéh wong lanang bakal kesemsem
péngin nglamar katresnan
senajan ora mungkin ketampa tapi nyong ora papa
cukup nyawang sing kadohan
ésem lan lénggak-lénggok mlakuné kowen
bisa kabéh wong mandeng ora kemedhép
saking ayu sing keliwat-liwat
senajan nyong ora bisa nduwéni
tapi nyong seneng nyawang sing kadohan
Dhemen ora kudu nduwéni

ngguyu èsem manisé kowen
cukup nggo ngobati ati sing lagi
keyungyun

Ah...nyawang wulan bunder
tanggal limalas jawa
kena ngobati ati sing kelara-lara
lara jalaran dhemen sing ora ditrima...

Muarareja, 2018

H. TAMBARI GUSTAM

Monas

Monas sing ayu tur angkuh
nyong nguja sing Tegal
niat pan ngeloni kowen néng tengah wengi
jebulé kowen pancèn ayu...
wangi kembang sing ngubengi awaké
kowen gincunan abang lan bedhaké
wungu néng awaké kowen
ndadèkna nyong ora gelem balik maring Tegal

Sedawané wengi
nyong bisané mung nyawang sing kadohan
niat ingsun pan ngekepi kowen sadawané wengi
tapiné nyong ora nyandhak
kedhisitan petugas jaga lawang sing
kebengèn arep nutup kondhongé kowen

Monas....
nyong biasan nyawang sing kadohan
wangi kembang sing ngubengi kowen
sadawané wengi ndadékna nyong keyungyun
senajan kowen angkuh, ora mlirik-mlirik acan
ora kegodha maring enyong sing sawengi
péngin ngeloni kowen...

Jakarta, 2018

H. TAMBARI GUSTAM

Apa Iya

Crita parté politik laka pedhoté
nang dunia politik langka haram
langka halal
anané menang apa kalah
apa iya kaya kuwé

Wanyad hébat berpolitik
saking hébaté
Wanyad dadi ketua parté
Nggal dina kopat-kapét
nggawa tas isiné kertas
nggo ndhukung aktipitas
lagi ngumpulna berkas

Wanyad pancèn militan
ora kaya petugas parté sing
cengèngèsan
tapi apa iya
Wanyad maju ora gawan
jaman saiki jaman dhuwitan
sing ora modhal ya bakal
ketendhang kaya bal
nggléthak nyangsang néng gawang
apa iya ora gawan
njaluk dadi dhéwan
apa maning jaman édan
ora ngédan ora keduman
tapi apa iya

kudu dadi wong édan
éndah mélu-mélu keduman
sampé-sampé kyai mélu rayahan
jabatan
padahal kyai nggo panutan
apa iya kaya kuwé
nyong dadi kémutan
jaman cilik mbiyèn ngrayah layangan
ora olih malah disuwèk sisan
gara-gara rebutan éndah nglamir kapiran
apa iya
jabatan politik kudu waninan
wani ngguwang beras éndah olih ayam
wani modhal éndah olih jabatan
tapi apa iya kaya kuwé
wong pinter padha diadu kepinteran
ndhébat rebutan simpatisan
ngomong kaé didhébat kaya kiyé
jaréné kon kerja kerja
tapi luruh kerjaan malah kangélan
buruh asing teka bruk-brukan
buruh njero negri kapiran
lulusan sarjana dadi pengangguran
apa maning lulusan SMA éwonan
lontang-lantung luruh gawéan
ah... apa iya negri kiyé jaréné
makmur loh jinawi
tapi petani saiki ora bisa nandur pari
sawah thukul wesi
iwak néng lautan
ora olih dijaring néng nelayan
apa iya kaya kuwé
endi jaréné tanah kita tanah surga
kaya lagu

tongkat kayu lan batu dadi tanaman
jebulé mung nggo rayahan wong ndhuwuran
ah... pancén bener Wanyad
néng politik langka halal apa haram
anané menang apa kalah tapi apa iya?

Kampung Nelayan Muaratua
Minggu Manis, 19 Agustus 2018

H. TAMBARI GUSTAM

Dhemen Nganti Mendem

Pancén yén wong wis dhemen
ora kélingan tangga kiwa tengen
ora wedi dalan peteng
nglancang, péngin jejagongan bareng

Wong yén lagi dhemen
apa baé dilakoni, nganti njebur sumur ya gelem
asal bisa sesandhing bareng

Dhemen nganti mendem
yén bengi ora bisa merem
kelap-kelip kélingan waktu nonton pilem

Kowen pancén lugu
wong ayu akèh tapi nyong demen
maring kowen
dhemen nemen nganti mendem

Dhemen nganti mendem
dhemen sing keliwat-liwat
yén lagi dhemen pancén laka tunggalé
apa baé katonen dhèwèké

Kaya paku kena wesi brani, kesedhot
éndah cintané ora pedhot
yén ora ketemu sedina katoné setaunora ketemu
péngin nèmpèl kaya prangko, lèngkèt terus
Dhemené enyong maring kowen

dhemen sing mbangkana-kana
dhemen sing ora bisa dialang-alangi
awan bengi kléndabé kowen sing diélingi

Pancén dhemen langka tunggalé
sisan liwat kuburan
ora dhemit ora sétan
tetep dilawan

Wong dhemen bisa ngalahna apa baé
kayong langka wediné
ibaraté nyebrang segara
tetep dilaju

Dhemen nganti mendem
dhemen sing por-poran
wong ireng katoné kaya putih
paès pareman
senajan pèsèk katoné apik dhèwèk

Pokoké yén wong lagi dhemen
taroké dhèwèk sing dialem-alem
nyong dhemen kowen nganti mendem

Kampung Nelayan Muaratua
Minggu Manis, 21 Agustus 2018

H. TAMBARI GUSTAM

Wolak Walik

Jaréné kebo nyusu gudèl
saikiné tatanan wis padha dhèdhèl
dhadhal-dhuwal rowal-rawèl
protès baé moniné rèwèl
ora protès, aturané tambah angèl

Wolak-walik, jagadé pancén wis kwalik
ana wong tuwa kudu nurut anak
guru kencing berdiri
murid kencing berlari
saiki malah kwalik
guru nglaruhi murid mendelik
guruné galak méjané diwalik

Mbiyèn aktipis diculik
saiki malah dilantik dadi pejabat publik

Lagi dadi pejabat disubya-subya
saikiné malah sengsara dipenjara

Jaréné sing bener bakal ketenger
saikiné wong bener ketendhang nganti klenger

Jaréné tuntunan nggo panutan
saikiné tuntunan malah nggo tontonan

Jaréné kyai nuntun umat
saikiné kyai malah mélu ngrayah dadi pejabat

Wis pancèn wolak-walik
melasi nasibé wong cilik
luruh dhuwit nganti kiplik
pejabaté asik ngguyu ngikik

Tegal, Agustus 2018

DWI ERY SANTOSO

Laku Sukma, Maca Jiwa

Sajeroné kenangan Slamet Gundono
ora liya métaniati njeroning jiwa
madhangi petengé pikir

Nang sakothak wayang
ketemu ulesé raisaben lakon carangan
gambarané pirang-pirang crita polahémenungsa
sing digogoh dhalang-dhalang sepuh,ngasah jiwa
rohé pikirandadi kepenginané
ngudhari firasat sliwar-sliwer nalaré menungsa
ari-ariné dokon nang endi?

Sambung rapeté paran bocah maring ngendi-endi ora
ngebeki utek ajur-ajer
pengiloné kanggo maca awaké
anaké
bojoné
seduluré
kancanéuga tanggané
kuwédhékéné sapa?

Ora kebeneran malah luntap-luntupé dadi watu
sing maduki kadhang-kadhang mbuka wadiné rika

Amalé menungsa bisa ilangjalaran kolu
nglakoni ghibah mulanémaca, maca, maca...
awaké dhèwèk

Dudu ngumbar wadiné uwong
dudu ngelèr dosané uwong

Diélingna ora dadi sukané
malah colong-cekok nyangkemépakra ora
tunggal kondhong,tunggal guling, jemplang-jempling
mung nggo kedhok alané

Dunya sapira jebulékur goroh
tukang maido gamané lindhung-pura
paribasanétukang kayu nggarapi pesenan
ngumahé dhèwèk malah kapiran
bengkerangan
ora klangenan apamaning kangen

Kota Tegal, Desember 2013

DWI ERY SANTOSO

Cemloroté Lintang nang Ndhuwur Pejaratan

(kanggo batir sing krasa)

Bengi kiyé anyeb jleb
sakalé awané panaséngenthak-ngenthak ora mufakat
panasé ati péngin munggah pangkat najan nganggo
dalan ndadak

Nyingkirna kanca-kanca
carané ngiwa mbuh peta ora
aja nganti kèri kedhisitan kanca
sing penting lepettaliné oman
ora cepet ora keduman

Ana kanca meneng
malah dianggep ayem-ayeman
kur dadi petétan
tegelé sapa baé kudu digejil
ora kanca ora batir

Tumekané gebyar fajar wétan pejaratan
jagad katon riyem-riyem
kanca-kanca sakringelan
pada katisen nang jogan plestèr

Ora ngira ora nyana ujug-ujug
ana swara langka jongkot:

"Kaé delengen
nang ndhuwur akèh lintang ngalih."
Kanca-kanca sakringelan padha njenggirat
mlayu maring jaba ndeleng cemloroté lintang
nang ndhuwuré umah
sekal budhal maring umah dhèwèk-dhèwèk
nggawa pitakonan kedadéan lintang ngalih
ngemu misteringanti saiki durung ngertèni
firasat lintang ngalih
sampé tekané pati ngadhepi pejaratané
dhèwèk-dhèwèk
astaghfirullahal adzim lil muslimin wal muslimat

Mbalai Nginsor Mesjid Purbaya
13 September 1979

DWI ERY SANTOSO

Mampir nang Istana

Senajana ora patia jero
kolam nang sangarepé istana sangisoré arca putih
sang proklamator nyuwuki bundaran waktu
kesawaban bangga, rosané jiwa uga kejaba grapyak
ngaturi saben dhayoh
ana sing lagi ulang taun seabad pamorébangsa
kosih sapréné durung kecathet nang kalèndher

Kayong mèlu gemeter selaginé dhèwèké
nyebar gemladhagé wewarta
kosih nembus bianglala
langit nusantara

Angin semriwing ngelus raga sing padha lèmpoh
glélèngan nang kamar dhayoh
sauwisé tekanérombongan kanca-kanca saperjuangan
pimén carané nyerbuora nganggo pluru
ngusir landa nganggo utek

Jebulé ésih ana sing diwarisna
jéjéré témbok ngarep istana ana corétan
moniné ngobong semangaté komarané putra-putri bangsa
"Jangan Pesimis Kita Bukan Bangsa Pengemis"

Istana Gebang Blitar, Nopember 2014

DWI ERY SANTOSO

Iwak Sontong Diwadhahi Kètèl

Iwak sontong diwadhahi kètèl
angger ana wong ngomongaja ndadak jèngkèl
kyéh pati-pati nyong mlocohtresnanémaring kowen
lantaran perkarané doyan goroh

Biyèn pedamikowen mrekéca
ngedebus nang nduwur panggung
ndhukung nyong sedulur
ora wurung bakalé dusun kiyé makmur
got-got mampet bakal lancar
runtah-runtah bakal ora njeprah

Jebul sejatiné sampéyan mung kembang lambé
manis janjiné
pait nyatané
gedhé gorohé
primèn rika dhongé?

Kayong masya Allah temen sampéyan

Tegal, 26 Nopember 2016

DWI ERY SANTOSO

Chesa I

Wulan rocak-racik nyorèt larik-larik biru
Chesa apa kuwé kowen? Nembangna lelagon ngilu
mecahna bengi sing sintru
ngorbana saglodhong ati mbeku
mrelukna pantesé wong urip sing lagi ketrungku
ditawakna ganing sinyal-sinyal telépési
mung kaya kuwé tok désèmber liwat saklentaban
langka aruh-aruh tetembung jenjem ning ati

Wayah sendhakala nang prapatan
manggul ajinédhiri sajeroné bungkusan pura-pura
nang kono Chesa ngumpatena ati, langka daya babar blas
sing diregani seregan pawitan padolan
tapikén Chesa tetep baé dadi wong pinggiran
ora tau owahngumbar bengi sing ditawak-tawakna
ibaraté situs-situs maya sing moyék kemerlobé pupu
sing nglemesna para raja sadawané lèk-lèkan
tapikén Chesa és just sing ora bisa dikalahna
ganing segeréjhoni walker, bir ireng,uga cocacola

Dalan tol sing mulusna atribut-atribut peradhaban
uga lobi-lobi transasi
samono indahé tumpukan rocak-raciké wong urip
satugel apel
sairis strawbèry
segeré lèchi kaléngan
ora bisa menyingkirena èsemé manis Chesa
nang kidung kesenenganéraja

Tangan Chesa mulus kaya titahé sang ratu
sing dikekepi sadawané waktu
lantaran séwu soré ngadhepi peteng, ngéi tandha
bakalé ketekan bengi

Samono petengé langka soroté sinar
donga baé laka sing diarep-arep
tapiké Chesa ajeg ngucap sugeng énjang
sejuta pengarep-arep lagi diperjuangna

Kota Tegal, Januari 2008

ABDULLAH SUNGKAR

Martoloyo

Martoloyo
ora seneng maring landa
ora sowan ora mundhuk
sang nata dipenging prajurité
aja tundhuk aja mundhuk karo landa
soal njaga tanah Jawa
ora njawil ora nyawèl landa
gaman ésih nang tangan
pangan ora kurang

Martoloyo
sing nang arep landa
sing mburi kanca lan bala
nalar becik kalah karo wisik
prabu kudu milih
kraton atawa natoni prajurité dhèwèk
Ki Manda Raka
njaga raja atawa natoni kanca

Martoloyo
turu tapi ora turu
keris kudu waspada
sanajan diarani Kiai Kasur
utusan Ki Martapura
Martoloyo, moro apa mati
gamanku Ki Jaka Tuwa

Martoloyo
sumangga, kono keris kéné keris
pungkas lakon:
raga loro, prajurit kuswantoro
mati bareng sanajan kanca dolan bareng
kraton pelambang kesetiaan
béla negara
laka prajurit salah
sing ana raja salah gawé préntah
ngati-ati sedulur

Tegal, 26 Nopember 2013

ABDULLAH SUNGKAR

Wis Adem

Adem, ayem
pancèn jagadé wis adem
wis pada gelem
wis pada nggegem

Sing duwé ati emoh rumangsa
minger tapi emoh mingser

Sing pada crèngkèng wis pada ndhètèng
tapi nang kéné gemlupuk sumuk

Nang njero tingkem mbekukur
kur wak wak kur
syukur èngin bisa mbekur

Tegal, 13042005

NILAM RAHMA CAHYA

Sing Tak Enténi Pemimpin Anyar

Pengéran ya Pengérané enyong
sajeroné bengi sing pan ganti taun anyar
nyong dedonga nang negeri sing rakyaté
ora duwè pengarep-arep
persis kaya watu
sebab rezimé compong, rai gèdhèg
ora ngertèni maring bab perkara isin

Ndelén, apa artiné kembang geni disuled
pating clorot nang angkasa?
mercon ditabuh lan slomprèt dionèkna
seru-serunan?
Klakson kendaraan gawé suwara peng-pengan
nang dalan sing maceté sadawané dlanggung?
Apa pancéné bengi kiyé
engong sampéyan kabéh lagi pada bérag
ngrayakna kemenangan?
Menang soal apa?

Apa pancéné bengi kiyé
enyong sampéyan kabéh lagi pada bunga
ngrayakna keberhasilan?
Hasil bab apa?

Apa ndéané enyong sampéyan kabéh lagi pada
nyuwarakna soal kebebasan?

Bébas saka apa?
Saka korupsiné rézim sing sangsaya mana
sangsaya ora mupakat?
Saka wong-wong mlarat sing disulap dadi
angka statistik?
Saka macem rupa mawujud penindasan
lan seabreg rupa-rasa sengsara?
Atawa ndéané baé bengi kiyé
enyong sampéyan kabéh apèn-apèn nglipur diri
dadi klalén maring khianaté rezim
sing sokan nyedot gerihé rakyat?

Pengéran ya Pengérané enyong
kyéh dedongané enyong sing lagi ngambang
nang awang-awang sajeroné zaman sing serba
melését kabéh

Nyong krungu suwara-suwara mbudegi gobog
lan mandeng langit kebek warna-warni cahya
nyong ndeleng Indonesia Raya nang jero
banyumataé enyong sing ngecembong
nang endi baé jutaan menungsa klelep sajeroné

Lagi pada ngrayakna apa nyong kiyé ya
sajeroné bengi pan ganti taun?
Kowen kabéh bengi kiyé uga lagi pada
ngrayakna apa dongé?
Nyong ngadeg ngadepi jendéla
lan mandeng langit ana clorot
cahya lintang sing kemerlob
nyong ngrasa lagi ngentèni sing adohé
meluk-meluk

Tuan-tuan lan Nyonya-nyonya
jakwir-jakwir lan para cétem
uga sodara-sodarané enyong
ngapurané baé sing akéh, yén bengi kiyé
sing tak enténi cuman Pemimpin Anyar

Selasa bengi, 01012014

NILAM RAHMA CAHYA

Dongéng Kepatén

Kur sawiji bata
uwongé pada dog-los
saka tetembung ra kenal
mewarta ajal
Wongé sapa sing kontal saka umah
gedongan susun pitu
ninggal jerit nang plataran sing panasé
semelèt?

Ana ruh sing dumadak ilang
sajeroné watu
ana pasuryan garing saka lebu
ana gembungan awak slonjor kaku

Tapi dumadaksarané udané teka
nyapu sekabéhané dongéng bab
kepatèn

Tegal, 02202014

NILAM RAHMA CAHYA

Kebo Mluku

Jaman samana, jamané enyong cilik
neng désa
saben ungsum rendeng, enyong dolan
neng sawah
ndeleng bapa lagi mluku
nganggo kebo

Ngalor - ngidul
ngétan - ngulon
digaru... digaru
èbèn lemahé dadi gembur
lan subur
mengko ésuk pariné ditandur

Tegal, 01202014

SL. GAHARU

Aku Bisané Mung Motrèt

Sung, aku bisané mung motrèt
ora bisa mbéla mana
ora bisa mbéla méné
ora bisa mbenerna jaréné kana
ora bisa mbenerna jaréné kéné

Ya, aku bisané mung motrèt
ora bisa mbenerna jaréné kana, sing sabeneré salah
ora bisa nyalahna kéné, sing sabeneré bener

Pan kepribèn maning, mana-méné lagi pada bengkerengan
mbélani wong sing lagi duwè karep
mbélani wong sing durung tentu kenal
apa maning bisa dijaluki tulung

Kyéh, aku pancéné bisané mung motrèt
ora bisa gemboran apa maning protés
aku bisané mung motrèt
kanca batir sing dadi wayang politik

Sung...
tapi siji sing aku ora bisa motrèt
yakuwè niat sing ana neng atiné kanca batir
mbuh kuwè niat jahat apa niat apik

Tegal, 24 Agustus 2018

SL. GAHARU

Péngin Balik

Terkahir ketemu
kowen èsih tetep kaya gemiyèn
gemrungsung, pontang-panting
lèyab-lèyob kaya layangan pedot

Terakhir ketemu
kowen èsih tetep kaya gemiyèn
tetep ngresula, mumet nglakoni urip
saben dina terus ngadepi perkara
ora tau mandeg, ora ésuk ora bengi
ana terus

"Saben dina sedawané umur
kaya kuwè terus, ora tau mandeg
Rampung perkara siji

ana maning perkara liyané
Luruh mana, luruh méné
èbèn urip bisa nganti ésuk
nganti embèn
Mbuh mangkanané
olih siji dibuang siji
olih loro dibuang loro
pas-pasan terus laka luwihé
apa maning bisa nyèlèngi
Saben dina pecicilan
mlayu sipat kuping kaya dioyok asu
duh, kesel..."

Terakhir ketemu
kowen nggremeng péngin balik
niat segedé gunung, bolak-balik poyan
"Aku péngin balik

aku temenan péngin balik
maring panggonan sing bener-bener
panggonané aku...."

Debong Tengah, 25 Agustus 20

ENDHY KEPANJEN

Nglurug Pusaté Kota

Enyong wong désa klutuk
lingsiré wengi mbiyak wayah ésuk
awak sekojur tak grujug banyu
nggo ngilangna impén ngawujud kasunyatan
klebu raga pitung macem tak bilas
nggo dedonga madep maring Gusti Maha Welas
ayem jenjem tentremé désa sumringah
ganing suwara manuk suwit-suwitan
mangklih dadi rusia kebek perkara
bebareng mobat-mabité angin baratan wolung penjuru
enyong tetep teguh ora luluh
walkhata wiwitan ijo gunung ayu ngepung
sawangan mata
junun teteg mantep madep marep guyup nglurug
murub semangaté bareng-bareng ngambah sedawané
dlanggung nuju pusaté kota
kumpul tumplek blek wadul
ngudari pirang-pirang perkara
sing tetaunan nggawé ati kelara-lara
sing tetaunan nggawé laku urip kepaksa

Plong
jebul muntab sekang cangkem nurani
nuraniné enyong wong-wong désa.

Tegal, 26 November 2013

ENDHY KEPANJEN

Pertanda Apa Maning

Ngamplik nang pungkasan taun
kurang limang dina
umuré dunya tambah tuwa
wong-wong sedunya sadawané wektu
pada bérag pada nduwéni rencana
mabag taun sing pan teka

Sapa ngira sapa nduga
dina ahad jam pitu ésuk
luwih sèket wolung menit
dunya oreg daning prahara
guncangé lindu disusul sepuluh menit
gulungan ombak sanduwuré pucuk klapa

Ora sing tuwa ora enom
bocah cilik bocah bayi
pada jejeritan pating slebar
ngadohi ombak tsunami sing mleter
nyapu sadawané Kota Serambi Mekkah
mangklih dadi segara carang bungkang
sing ora karuwan tatané

Ya Allah, Gusti Pengéran
kaya kiyé kedadéané
nggawé menungsa ora téga
ndelèngna udan luh banyu mata
ngenes nggrentes kaya déné qolbu

diiris-iris lading
sing landepé kaya wilad

Aduh Gusti....
wis puluhan taun rayat Acèh
dilabrag nestapané perang
rebutan ranah réncong
mbuh kapan pedoté ora ngerti juntrungé
ujug-ujug glombang ombak tsunami
ngrekes jagad, tlatah Nanggroe Acèh Darussalam

Pertanda apa maning?

Tegal, 5 Jan 2005

IPUK N.M. NUR

Nglilira Siro

Nglilira siro nang pungkasé wengi
bén Gusti tetep méin petunjuk lan
gangsaré rejeki

Nang pucuké wengi
akéh malékat ngambah jagad
nyedeki umat sing seneng tirakat

Gagiyan menyat saka peturon
mburua sumur mbersihi lelakon

Buka maning ajaran wong tuwa
mbokan ana sing durung kewaca

Éling Pengéran uripé mapan
kelebon sétan belèh bakal édan

Tegal, 2611203

IPUK N.M. NUR

Linglung

Dalan endi sing pan dituju
ora béda kur gawé linu
aja giri pada ngguyu
sadurungé kringet ngucur metu

Dalan endi sing pan dilari
ora béda gawé sangsi
aja cepet alum diri
sedurungé nyekel barang aji

Wong urip panggonan perkara
bléh kelar dong pada réka-réka
wong urip panggonan perkara
blèh ayem dong disambi poya-poya

Mumpung èsih enom
kudu seneng gelem angon
nggo sangu mbesuk kiki
sauwisé nemu pati

Dalan endi sing pan diambah
akèh limbah mbabrah-mbabrah
mulané aja pada robah
pada sungkem maring simbah

Tegal, 2611203

APAS KHAFASI

Nging

Ngingngingngingngingngingnging
bisané moniné ora ngang
atawa ngung
apa maning ngong
sing sjén karo ngéng
yaaa mbuuuh ya!

Nging, gara-gara gemiyèn
kedebag-kedebug démo reformasi
wuda sempakan mlayu-mlayu
muteri alun-alun ngromed puisi
dipabag polisi karo abri

Bek bek beg deg
digebug-gebugi bedhil
tangané enyong nangkis dadi sempol
untuné enyong rompol
kupingé enyong mili getih
nyong mlayu gloyoran
manjing gang ngarep pasar ésuk
warga wis pada runtung watu
nyamplong abri karo polisi sing
ngejar enyong céngap-céngap

Pet
klenger
barang éling

kupingé enyong moniné dadi
Ngingngingngingngingngingng

Bandasari, 21-8-2018

APAS KHAFASI

Tuma

Tuma tumaku ngumpet
èsih dhemen dolanan
pétak umpet, gobak sodor, jangka
lan nembang gundul-gundul pacul
cublek-cublek suweng, lir ilir karo
mlaku-mlaku sadawané rambutku
sing dadi suket

Tuma tumamu nglayab
nongkrong ongkang-ongkang neng
rambut klimisé cukong
njogèd dansa neng rambut uwané
ndoro
nggaya pamèr gengsi
ambisi rebutan krosi
sadawané rambutmu sing dadi
karpèt

Tumatumaku
tumatumamu
pada-pada tumané
pada-pada neng endas
ndasé ora pada neng isiné

Bandasari, 21-8-2018

APAS KHAFASI

J vs P

"Cébong uteké kwalik", ngromèd Kamprèt karo
ngobral ayat-ayat dokrin
"Kamprèt sumbu tugel" tangkis Cébong karo
ngulas filsafat budayané

Cébong karo Kamprèt
pada-pada sedulur
pada uripé neng tlatah negri kiyé
pada baé bendérané abang putih

Gara-gara séjén pilihan
apa kudu pedot jakwirané
dadi ora ngopi bareng

Embuh sapa baé sing dadi
wong sing dipilih kaè
durung karuwan ngejak ngopi
njagong neng klasa bareng
kaya Kamprèt karo Cébong
gayeng yahèèèr
sadurungé J vs P
digawé gègèr ruwed
morat-marit sakarepé wudel

Bandasari, 21-8-2018

APAS KHAFASI

Kanggo Kuli Kuli

"Tegal Jepangé Indonesia"
Enyong kowen kabéh
ènèk slogan kuwè
sing ndadèkna generasi buntut
Neng kawasan daérah industri kiyé
bati rugi mung ukuranè mode tiruan plastik
go diwarisna maring walad cucuné
lan kaè-kaè pada bebungah
dadi kacung wong asing neng tlatahé dèwèk

Nyampè atusan nyong kowen kabèh
gembrojos kringeté dibakar neng
penggenèn pengecoran saben dina

Nyampèéwunan nyong kowen kabèh
sikil tangané dibubut neng mesin penggiling
nasib

Nyampè jutanan nyong kowen kabèh
tenaga lan uteké ditekuk neng upah
sing ora mesti
.
Nyampèkèn majikan bisa
mbangun pabrik, munggah haji
lan kawin maning

Nyampè ora nyampè
nyong kowen kabèh mung bisané

ngumpulna impèn ketiban
nggenjot pit saben dina

Kapan nyampè
dina pengarepan nyong kowen kabèh
ditekuk daning gaya urip
wong sugih-sumugih sing nganggo
sistem kapitalis

Bandasari, 21-8-2018

MOHAMMAD AYYUB

Umah 1

Umahé enyong warna ijo
karepé bojo
jur enyong ngalah
ora maksudé kalah
tapikén jaga bebrayan
bén urip ayem kelakon

Chadad, Senin, 20 Agustus 2018

MOHAMMAD AYYUB

Umah 2

Umah kuwè kekarep
wong loro: Bapané kelawan Mané
jalaran ora kur nggo tunggon
apa maning mung kanggo turu-turuan tok

Apiké umah ditata temata
bén ana ajiné, ana martabaté
ana sing kasebut endas
uga ana sing ngurus seisi umah
ana bocah-bocah sing gagah lan kemayu

Kabèh mau tujuané siji
penguripan sing dijaluk
sakinah mawaddah warohmah
ayem, tentrem lan kebek tali asih
senajan mesti ana sing nggiwar
wong aranè bebrayah

Sing dikarepi dalan ngidul
salah sijiné mlayu ngalor
mbajur kepimèn kiyé?

Kari pinter-pinteré endasé
bisa tetep lempeng
maring dalan lurus
apa kewalahan sebabé ora jègod
malah burak-rantak sisan?

MOHAMMAD AYYUB

Umah 3

Umah kuwé asalé wèké wong loro
lanang sing dadi kang masé lan
wadon dadi bojoné
sebabé dipilih enggoné
modhal umahé
sampé werna cèté
bé rembukan bareng

Lah! Barang wis apik
magrong-magrong
jero umah uga komplit
molai ana gègèran

Asalé sepélé
suwé-suwé sangsaya gemladhag
kayadéné geni mulad-mulad
tambah angèl sipeté
lanang wadon bengkerengan
laka sing gelem ngalah
akhiré dalan pegatan sing dikarepi

Seluguné sijiné dalan paling
disengit gusti Allah
apa maning barang ala
mumbrah tekan ngendi paran
bagusé disimpen jero ati

Duwé kenangan kang becik uga
sing ala
mbuh kepribèn carané aja nganti
diumbar nang njaba

Wong wis pisah selawasé
mesthiné bebrayan tetep ajeg
aja gampang ngumbar, apa maning barang ala
bagusé disimpen jero ati

Umah
bekas bojo
uga bocah-bocah lanang wadon
tetep baé jaga paseduluran
wong kabèh mau
duwé kenangan kang becik uga kang ala

Mbuh kepribèn carané, kudu sidhem disimpen rapet
jalaran, umah kuwé mbiyèn dadi panggonané enyong
bojo lan bocah-bocah

Bocah-bocah dudu wong liya
ning bojo tah bisa dadi bekas
arané bocah dudu bekas
tapikén sing kasebut darah
dagingé dhèwèk

Chadad, Senin, 20 Agustus 2018

DHIMAS RIYANTO

Topèng Mlaku

Nang kota nyong sering nyawang wong mlaku
kadang akèh wong wadon sing ayu-ayu
guya-guyu karo mlaku
pancèn katon ayu
kaya topèng mlaku

Ana maning sing tak sawang rada kemayu
angger ayu tah belih kudu kemayu
kiyé tah kemayu, topèngé kandel dobel telu
rambut palsu, idepé palsu
aja-aja rainé ya palsu
oh... topèng mlaku

Kadang nyong penasaran pan ndeleng asliné
jaréné wong ayu kuwé disawangé adong lagi turu
nyong meksa kenalan siji wong ayu
bareng tak sawang, topèngé copot, lagi turu
rainé mbelekesutu...
ndéyan tah, artis penyanyi, pemaèn sinètron
katon ayu adong lagi topèngan
oh... topèng mlaku

Tegal, 21 Agustus 2018

DHIMAS RIYANTO

Lugu Tapi Ayu

Saprana-sapréné nyong golèt wong wadon lugu
lugu tapi ayu
kadang ketemu sing lugu tapi belih ayu

Nang kota wis laka wong wadon lugu
nyong maring désa, niyaté mbokan nemu
nang désa, nyatané ayu sethithik wis payu
sing lugu tapi ayu pancèn "barang langka"
rada ayu baé wis urban kerja nang kota
terus nyong pan maring sapa?
Kepala Désa nakoni, "Badhé kanggé sinten?"

Nyong mung mèsam-mèsem
sing penting pèngin olih wadon lugu tur ayu
nyong mung mbatin
pan tak wayu

Tegal, 21 Agustus 2018

R. JAYENG JALADARA

Sajak Karijan Nyalon Déwan

Wis dadi kebiasaan
saben limang taun sepisan mesthi
ana pemilihan umum
milih anggota déwan sing bakalé
dadi perwakilan rakyat
mulané aja padha èram
angger ujug-ujug akèh politisi dadakan

Semana uga sing dialami daning Karijan
laka bledhèg laka udan ujug-ujug
ngumumna pan nyalon déwan
karuwan baé bab kuwé akhiré dadi omongan
tangga teparo padha takon-takonan
soal bener apa orané Karijan jaréné pan
nyalon déwan

Awan bengi saben uwong-uwong
padha ngumpul
sing dadi lakon nggobahan omongan
mesti Karijan
maklum, Karijan mung dadi buru serabutan
sedhengé ning nyalon déwan
kuduné duwé dhuwit sakandhang bentang

Jaré Man Karto, Karijan kuwé ora ngukur awak
pangkaté mung dadi tukang maklaran baé
kepèngin dadi anggota déwan kedhing
amri apa dhongé?
Ngaca owh... ngaca

Jaré Yu Sarijem, rika aja ngomong kaya kuwé
Man Karto
Karijan kuwé kalung usus
dadiya apa baé mesthi pantes
apa maning wongé tlatènan, sopan
aku taaah dedonga èbèn Karijan
dadi déwan

anggeré yén wis dadi déwan ora klalèn
karo kanca-batir sing tau mbatiri
urip klalaran

Wa Kaji Mukri sing dhongèné ora pan urusan
akhiré mèlu nimbrung omongan
mesthiné kowen kabèh padha njaluk muji syukur
ésih ana kancané dhèwèk sing gelem pedhuli
nyalon déwan
kuwé taaah nganggo dhuwit warisan
mbuh nganggo dhuwit menang totohan
sing jelas Karijan dhuwé niat kepèngin
mbéla rakyat èbèn ning taun-taun ngarep
uripé ora padha kecingkrangan

Sing apik saik bareng dedonga
muga-mugaha Karijan dadi anggota déwan
digawéa dadi déwan
muga-mugaha ora pecicilan
ora clamitan
ora korupsinan
ora onggrongan lan
ora doyan nilep anggaran

Tegal, 26 Nopember 2013

R. JAYENG JALADARA

Enyong Dudu Sapa-Sapa

Enyong tetep enyong
ajeg awit gemiyèn nganti saiki
ora tak pikiri kowen seneng apa ora
sing penting mangan ora njaluk rika

Enyong pancèn kudu dudu sapa-sapa
tur ora pèngin disubya-subya
tapiken aja dianggep laka
ilangé enyong, jagad gumirat bakal
nandang sengsara

Enyong dudu sapa-sapa
tapiken aja digampangna

Tegal, 26 Nopember 2013
Dina Sastra Tegalan

DHIMAS RIYANTO

Lugu Tapi Ayu

Saprana-sapréné nyong golèt wong wadon lugu
lugu tapi ayu
kadang ketemu sing lugu tapi belih ayu

Nang kota wis laka wong wadon lugu
nyong maring désa, niyaté mbokan nemu
nang désa, nyatané ayu sethithik wis payu
sing lugu tapi ayu pancèn "barang langka"
rada ayu baé wis urban kerja nang kota
terus nyong pan maring sapa?
Kepala Désa nakoni, "Badhé kanggé sinten?"

Nyong mung mèsam-mèsem
sing penting pèngin olih wadon lugu tur ayu
nyong mung mbatin
pan tak wayu

Tegal, 21 Agustus 2018

R. JAYENG JALADARA

Sajak Karijan Nyalon Déwan

Wis dadi kebiasaan
saben limang taun sepisan mesthi
ana pemilihan umum
milih anggota déwan sing bakalé
dadi perwakilan rakyat
mulané aja padha èram
angger ujug-ujug akèh politisi dadakan

Semana uga sing dialami daning Karijan
laka bledhèg laka udan ujug-ujug
ngumumna pan nyalon déwan
karuwan baé bab kuwé akhiré dadi omongan
tangga teparo padha takon-takonan
soal bener apa orané Karijan jaréné pan
nyalon déwan

Awan bengi saben uwong-uwong
padha ngumpul
sing dadi lakon nggobahan omongan
mesti Karijan
maklum, Karijan mung dadi buru serabutan
sedhengé ning nyalon déwan
kuduné duwé dhuwit sakandhang bentang

Jaré Man Karto, Karijan kuwé ora ngukur awak
pangkaté mung dadi tukang maklaran baé
kepèngin dadi anggota déwan kedhing
amri apa dhongé?
Ngaca owh... ngaca

UNTUNG PURWADI

Bengi Atis Nemen

Bengi sing rasané atis nemen
ora kaya sing uwis-uwis Cirebon biasané ramé
ndéan baé kiyé sing ndadèkné uwong
luwih seneng ndhekem nang umah

Nggelar klasa nang ngingsor ringin tuwa
enyong kowen jejagongan ngarepé lawang alun-alun
segelas jahé susu ngancani
untung temen anginé ora langsung nampeki

Tres nang pinggir dlanggung
klèbét bujur merah putih mengibar-ibar
ngélingena maring sapa baé sing padha nyawang
adong wayah kiyé mègin wulan kemerdhékaan

Tapiné atiné enyong mègin ngemu baé pitakonan
kapan kemerdhékaan kiyé dirasakena kambèn
sapa baé zonder dikotak-kota

Cirebon, 23 Agustus 2016

UNTUNG PURWADI

Wulan Agung

Wayah bengi
njagong dhèwèkan tengak-tenguk
nyedhot cahya wulan

Bareng wulan sing gedhéné langka padhané
ngelingi agungé kuwasaMU

Jakarta, 14 November 2016

BUDI PRIYANTO

Kakangé

Kakangé...
sampéyan melasi por
nggandhèng wong wadon ayu
nggo ngemban bareng amanah
malah disingkang-singkang
apa maning ngomongi
apa maning naséhati
meneng baé dilarani
ditladhungi....

Kakangé ...
untung temen sampéyan nduwèni iman
untung temen sampéyan nduwèni sabar
tetep gumantung maring Pengéran
sing nggawé abang ijoné nasib menungsa

Kakangé...
saiki sampéyan wis mulya
kabèh saka ridhoné Gusti Kang Maha Kuwasa
mula aja nganti tiru sing ora perlu
aja nganti nglarani atiné kanca batir
aja nganti nglarani atiné wong enom
aja nganti nglarani atiné anak-anaké
aja nganti nglarani rakyaté
aja nganti polah sing ora nggenah

Dunya ora kena nggo kadira
jabatan ora kena nggo gagahan

urip saderma kanggo golét sangu
bekal kanggo ngadep Pengéran

Kakangé..
kakangé
enyong kangen sampéyan

Tegal, 29 Agustus 2018

JULIS NUR HUSSEIN

Wadul

Urip kuwé mung derma nglakoni
ora bisa milih kaya wong tetukuan
kabèh wis tinakdir daning Pengéran
sing tumanina yèn saba paran
nglembari jagat njembari kerabat
yèn nemoni bebuntu, peteng pepeteng
mundhak éling maring Gusti Pengéran

Maring sapa kowen wadul?
yèn mbésuk bapa-mboké ora nana
wadula maring Gusti Allah...!

Maca quran, dzikir, sembayang bengi
aja ditinggal gus. Bocah bagus

Gaul karo wong-wong endi baé
asal pinter milah lan milih
kuwé ya sarana wewadulan
sawetara aja salah wadul ya gus
bocah bagus...!

Salah wadul
nasib kèok
rejeki jeblog

Pagerbarang, 13/7/2018

MOCH. MI'ROJ ADHIKA A.S.

Taun Politik

Saiki wayahé taun politik
taun rakyat dipecah-pecah
taun rakyat diadu domba
taun rakyat didol
taun rakyat diiming-imingi
wong-wong nganggur laka pegawéan
dadiné nyalon bèn ana kegiatan
dodolan rakyat
dodolan kyai
dodolan kaji
dodolan agama
dodolan nipu
angger wis dadi, bisa nyenengna rakyat ora?

Kaluwargané seneng sit, soal rakyat urusan mburi
ngko angger dadi bèn katon mbélani rakyat
nggo pantes-pantes mbangun dalan aspal paping
tapi rakyat cuma diiming-imingi impèn-impèn
tetep mlarat, padhahal bélané saporété demi calon sing
didukung

Taun politik
taun gedhé gorohé, tipu-tipu cara alus
taun dodolan abab

Pekiringan 13 juli 2018

ARIEF TURATNO

Itung-Itung Ngrungokna Radio

Krungu cecuwitan bos kamprèt
klambi bedhah dadi suwèk
weteng ngelih ora sida mèwèk
sebab cucuwitané bos kamprèt
kaya Gunung Slamet pan dipènèk
kaya wulan pan diemèk
nganti matané pegel ora melèk
ndeleng tingkahé sing èlèk
enyong njaluk pangapura ya bos kamprèt
sebab nyong ngrungokna sampéyan ngobrol
omong dobol kaya bakul céndhol
jebulé ababé mambu jéngkol

Wis bos kamprèt pidatoné mandheg
sebab angger terus ngomong
enyong bisa sampé ngompol
ora payu didol
paling dibanting éndah ambrol

Agustus, 2018

JULIS NUR HUSSEIN

Awit Saiki

Rasané mbéké wingi
kowen lair nang mbang kuloné Kali Gung
nang gedhebag-gedhebugé rasa priyatin sajeroné wengi
kang nyamut
ditunggoni pirang-pirang dina
dunga lan was-was
bandha lan tenaga nggulung dadi siji

Rasané pol-polan
gogoh rejeki nganti tengah wengi
nang réangé ocèh manuk
bèn dinané laka let-é
rawé-rawé rantas holopis kunthul baris
dialem lan dikomplén, waras lan panas-tis
uga sebaliké
ngrungkel nyawiji

Terus ngebyak anakku
aja mlekesunu tindhak-tandhukmu
aja gèngsian polah uripmu
deleng dunya mengko mesthi luwih abot
awit saiki cukupi bekal uripmu
bèn aja kalah saing karo liyané

Gembladhag moncèr uripmu
barokallah fi umrik...

JULIS NUR HUSSEIN

Wadul

Urip kuwé mung derma nglakoni
ora bisa milih kaya wong tetukuan
kabèh wis tinakdir daning Pengéran
sing tumanina yèn saba paran
nglembari jagat njembari kerabat
yèn nemoni bebuntu, peteng pepeteng
mundhak éling maring Gusti Pengéran

Maring sapa kowen wadul?
yèn mbésuk bapa-mboké ora nana
wadula maring Gusti Allah...!

Maca quran, dzikir, sembayang bengi
aja ditinggal gus. Bocah bagus

Gaul karo wong-wong endi baé
asal pinter milah lan milih
kuwé ya sarana wewadulan
sawetara aja salah wadul ya gus
bocah bagus...!

Salah wadul
nasib kèok
rejeki jeblog

Pagerbarang, 13/7/2018

MOCH. MI'ROJ ADHIKA A.S.

Taun Politik

Saiki wayahé taun politik
taun rakyat dipecah-pecah
taun rakyat diadu domba
taun rakyat didol
taun rakyat diiming-imingi
wong-wong nganggur laka pegawéan
dadiné nyalon bèn ana kegiatan
dodolan rakyat
dodolan kyai
dodolan kaji
dodolan agama
dodolan nipu
angger wis dadi, bisa nyenengna rakyat ora?

Kaluwargané seneng sit, soal rakyat urusan mburi
ngko angger dadi bèn katon mbélani rakyat
nggo pantes-pantes mbangun dalan aspal paping
tapi rakyat cuma diiming-imingi impèn-impèn
tetep mlarat, padhahal bélané saporété demi calon sing
didukung

Taun politik
taun gedhé gorohé, tipu-tipu cara alus
taun dodolan abab

Pekiringan 13 juli 2018

MOCH. MI'ROJ ADHIKA A.S.

Paceklik

Jaman paceklik wong-wong uripé padha ngawur
ora nganggo aturan, nabrak-nabrak
sing penting bisa urip makmur
ora ndeleng apa-apa
ora ndeleng sapa-sapa
jabatan dhuwur malah nggo kesempatan numpuk dhuwit
nggo kabegjané dhèwèk
dhuwit rakyat kanggo bancakan
wong pinter agama ana kur nggo tamèng
ora nuturi wong-wong sing padha ngempra
dhèwèké malah uripé ngawur

Dadi wakilé rakyat ora mikiri rakyat
kepimèn bèn padha urip makmur
aja kura rakyaté nggo tumbal

Wong-wong sing sugih ora gelem padha awèh
bagi-bagi kabegjan karo tangga teparo
wong-wong sing mlarat padha kesengsem numpuk dhuwit
padha srag-sragan

Jaman paceklik wong-wong uripé padha ngablu
pèngin sugih ora kerja keras ora kerja cerdas
pènginé instan, cepet sugih, malah nyupang
ngabdiné karo syètan
kwèh jaman paceklik
wong-wong imané padha kropos
kuduné néng jaman paceklik padha nglakoni tirakat

nylametna kaluwargané lan awak dhèwèk
sisan alam semestané

Ning jaman paceklik urip padha priyatin ndidik bocah
kaluwargané nganggo dalan agama
bèn ngerti ngélmu surasa

Jaman paceklik
yuh padha sregep dzikiré maring Gusti Allah
éling-pengèling maring sedulur bèn urip berkah
ora kebendu

Pekiringan, 13 Juli 2018

MOCH. MI'ROJ ADHIKA A.S.

Kepribèn

Gajah ribut cakar-cakaran
diadu kancil sutur
rayahan intip
kebo bulé mèlu-mèlu ngamuk
ngrusak kandhangé
pitik-pitik piyak-piyak
nggolèti baboné

Wah! Ribut terus jagadé
ora tau ayem
endi ukum sing adil
anané ukum alas rimba
Ah! Kaya kiyé
ora tau ayem
wong-wong gedhé padha polah
wong-wong cilik padha pradah
wong-wong cilik padha ketiban getahé
wong-wong cilik padha krutugan awu angeté

Ah! Bingung
kepribèn wa?

Pekiringan 17 Juli 2018

TOFIK ROCHADI

SKTM Pancèn Sakti

Tak pikir apa kiyé tandané jaman pan akhir
bocah sekolah padha sungkan mikir
cekelané HP android paling mutakhir
ngaksiné kaya wong tajir
nyong-sampéyan padha gimir
mikiri dunya ora kèmutan urip sing pan akhir

Sing tuwa dhongé wis asin malah gawé isin
dhongé digugu malah luwih saru
dhongé diconto malah nggentho
dhongé ditutut malah ngentut
pèngin kepénak ora mikir
wong sugih ngaku fakir

Nyong éram maring jakwir
tumpakané motor tapi uteké kotor
umahé magrong-magrong
tapi senengé ngrongrong
anaké pèngin sekolah bapané andelané SKTM

Pancèn jaman pan akhir
bocah pinter sekolané kudu muter-muter
muter dalané muter uteké
bodho aja dadi kebo
aja ilang kemlaratané
apa maning saiki jaman surat sakti
ora perlu dhuwit ora perlu biti
milih sekolahan ora nganggo kangèlan

utek kurang ésih bisa ngarang
utek jendhel rai kudu kandhel
aranè bé SKTM
Surat Keterangan Tidak Malu
Suka Kendhel Timbang Magel

Slawi, 2018

TOFIK ROCHADI

Nandur Pari Jaman Saiki

Nyong nandur pari nganggo bibit katresnané ati
tak sirami nganggo eluh karo tetangis mbebes mili
pari bledhug gawé bungahé manuk pathing sliwer wira-wiri
tak elus tak opèni nganggo wirid lan dedunga sawengi-wengi
dadi beras putih kencono wedi

Saiki
sawahé nyong ditanduri gedhong magrong-magrong
pondasiné iluhé kawula kéré
ndadékna nyong kemlakaren tapi kaliren
dibruki pari menir
pariné tuan meenir

Saiki
nyong kudu nandur pari
nèng tol turut gili
nèng mal saiji wiji
uga nèng gedhong susun mencit
ning kabèh wis dadi impèné enyong sing nggegirisi
èbèn ketemu maring surga Gusti

Slawi, 2018

TOFIK ROCHADI

Warta Hoax

Jaman kaya kiyé jal sapa baé bisa keblinger
bisa salah nindakna sing ora bener
kabèh warta bisa diunggah
liwat média sosial saabrag-abrag

Saiki jaman now maring ndi-ndi ora
cukup karo kongko-kongko
modal jenthik bisa nggo ngorak-arik
sak tul bisa saabrag-abrag padha muncul
kur saklik jagad gumirat padha njempalik

Warta hoax brita luwak gawé sowak
sing penting viral padhahal mbual
nggolèt kondang kaonang-onang ora wedi terkonang

Warta panas sing kadung wani
kedadéané malah ora padha ngerti
kabar dobol nongol nèng endi-endi
pungksané hasud gawé panasé kahanan

Warta hoax pancèn brita bohong
asal njeplak laka bukti tunggak
dasar compong
éramé wong padha ngandel omong kosong
ngajak ribut dadi gelut padha gelem dikempong

Wong kudu ngerti média sosial ana aturané
ora kena ngina apa maning gawé ati panas baran

gunané nyebar brita ala maring wong liyané
ora urus ukumé wis diurus
bèn warta disebar ora waton ngabar
ana abab kudu ana jawab
kaya trasi sing migunani

Nyong sampéyan olih nyebar warta sing
tanggungjawab lan bener
mènèi informasi sing migunani
werta aktual tur faktual
ora nglanggar SARA sing ndadèkna dugal

Slawi, Agustus 2018

TOFIK ROCHADI

Wal Wal Keduwal

Nyong dadi wong ora gableg tapi dudu gedhibal
ora duwé bandha ora duwé dunya
duwéné ati karo raik

Wong sugih semugih akèh polahé
akèh kekarepané
wong sugih klalèn lagi mlaraté
pejabaté klalèn karo amanaté
wal wal keduwal dudu ula dudu kadhal
apa baé diuntal
aspal dijambal
watu kaya tahu
wedi kaya roti
wesi kaya gorèngan nggemesi
kawat kaya jamu kuwat
semèn kaya ombèn
cor beton kaya klepon

Jaré negara mawa cara désa mawa tata
wong gedhé mrenah ora nggenah
wong cilik salah gampang di kandhang
wong gedhé kliru
ditinggal turu
"sakitnya tuh di sini"

Dhuwit rakyat padha dikutil
maèn sogok maring wong sipil

jaré mung saupil
padhahal sakendhil

Wong cilik ngarep rejeki secuil
wong gedhé malah mbethithil

Slawi, 2018

KURNIA EFFENDI

Randhu Alas

Ngadeg jejeg katon sing kadohan
carang landhep kelir sokelat enom ngranggèh tilas wulan
rumangsané dadi penunggu, ngawasi sapa baé sing
ngambah dalan
wiwit nyong cilik, kayongé ora tau tambah uwan

Randhu alas, kasebut salawas-lawas
oyot nyakar bumi, cekelan kenceng maring Sinuhun
nganti kisut kulité, matané tetep awas
dadi saksi sadawané lonjoran taun

Nyongbelih pan kelalèn maring dalan kiyé
urip kanggo badhèkan, ngèngèr nang kutha liyan
sawijiné dina, bakal balik ngudag tengeré
nyawang randhu alas, sepisan maning... sepisan maning

2009

KURNIA EFFENDI

Jubika

Kenal nemen karo lingir èmpèr toko, anggon nyong mlipir digandhèng Ibu, nyawang dedalan, nang isor padhangé srengéngé, kringetan nganti teles sagigir klambi, terus... mlaku terus, anjog pojok kepethuk sing dodol jubika.

Hm... wangi ambuné gedhang remadan geseng nang tengah bubur trigu, panggangan areng terus dikipas. Ibu karo nyong sabar ngentèni, jubika dijukut sing cithakan, dijèjèr nang tampah sadurungé dibungkus godong rangkepan dluwang.

Sewulan sepisan utawa sewulan pindho, nglèncèr sing Slawi maring Tegal, Ibu mundhut gaji Bapak sing benum dadi tentara, lagi pendhidhikan nang Jakarta. Bocah cilik kuwé, sing ora tau bosen rasané jubika, saiki kepéngin nggangsir taun-taun mburi, pawitan éling-éling nggolèti Simbok sing dodol jubika.

Hm... wangi riwayat gemiyèn, alon-alon ketutup lelakon, angèl nemoni katresnan sing ditandur lan terus mulur sadawané umur. Ndéan, énggané nyong tetep awit cilik, ora pan kepikir ngangeni jubika nganti rambut perlu disemir.

2009

KURNIA EFFENDI

Nyekar

Manjing pejaratan, krasa suwung
sila nang ngarepé kuburan Bapak, ana sing ngrubung
wis pirang pendhak ingsun ora tau sowan?
Sedina-dina urip ingsun kanggo dolanan

Saya pèrek jarak antarané umur karo kubur
nanging tambah adoh cèlèngan amalan kanggo batir mati
primèn énggané siji-sijiné nyawa klakon mabur
durung duwé cekelan sing pantes dirumat wanti-wanti

Manjing pejaratan, kayong bingung
apa maning sing dipikir, èsih akèh sing gawé kuwatir
ngétung dosa rasané wis klelep, belih bisa nembung
mampir nyekar éndah kèmutan, kaya wong turu nglilir

Aja nangis baé, gagiyan tangi terus mlayu
ngudak sing ketinggalan: utang janji sing kudu dibayar
sinau maring wit semboja, kembangé ayu-ayu
nderes wirid, ora tau ngresulah, saben dina thukul godong anyar

2009

KURNIA EFFENDI

Kali Gung

Abané kowen kelayu
metu sing weteng gunung ora nggawa watu
banyuné aras-arasen mlaku

Laka maning crita banyu bening
kanggo kungkum brayahé pring
sing carangé kanggo gawé suling

Endi bebocah sing biasané ciblon?
Awan-awan angon, bengi luruh laron
saiki wis angèl dikongkon

Tembang banjir wis gari dongèng
tani watu dadi tambah cèngèng
tenimbang nyambut gawé luwih akèh ngglèlèng

Waktu semana angger udan deres pisan
umah pinggir kali sabekakasé kèli sadawan-dawan
akèh uwong nangis ngenes, kélangan

Sawisé dadi korban, teka watu glundhungan
kaya uwoh pelem rontok sing wit-witan
dipanèn kanggo urip tetaunan

Kali Gung, bengawan wurung
pucet kaya pendhékar kalah tarung
banyuné males mili, kesandhung-sandhung

MAKMURI

Goroh

Laka padhané ati lara sebabé diapusi
diapusi bandhané
diapusi kahormatané

Sing paling gawé mangkel diapusi kepercayaané
wis lagi ketiban bali malah dikapruki

Luruh bareng
kerja bareng
malahan turu uga sokan bareng
kur ning WC tok sing ora bisa bareng
giliran masalah dhuwit bisa bureng

Mangan padha segané
turu padha ambèné
ngorok uga padha suwarané
tapiné karakter bisa sakarepé
senajan sekolah nganti dhuwur
ora gampang kaya wong nandur
pancèn kudu sabar

2017

MAKMURI

Wong Tani

Nggentes temen ning pak tani
tengah wengi èsih ning sawah
luruh banyu nganti sewayah-wayah
kadhang rebutan karo tangga sebelah
adu cangkem nganti adu lengen
padhahal èsih karo tangga kiwa tengen

Golèt pupuk kaya pan ndaftar pegawéan
kudu nganggo surat karo katépé
padhahal dilawani tukuné adoh ora ning désa

Angres... angres
giliran sabén tambah kèder
didol murah digawa balik gawé susah

Wong derep njaluké diregani
saprapat rongatus angger wani
barang wis dadi gabah laka sing ngunjali
gelem pisan ongkosé ngarani
bener jaré pak jokowi
akèh alumni IPB ora gelem dadi petani
sebab ora bisa ngangkat drajaté
apa maning nguripi.

2018

TOMMY AZIZ

Sepasang Mata Kembang

Nok, apa kowen ora weruh?
apa kowen ora krasa?
Coba gèn kacanan
matané kowen kaya kembang

Nok, tak kandhani ya
mung baé aja ngomong sapa-sapa
nyong éram
bisané matané kowen kaya kembang

Tak sawang apik, Nok
nggawé bungah
nggawé ati ayem
nggawé enyong ora bisa mingkem

Nok, percaya ora karo mas?
matané kowen kaya kembang
tapi dudu kembang sing ditandur nang
lemah pinggiré watu
ora liya, kembang sing thukul nang ati
nggawé nyong ora bisa turu

TOMMY AZIZ

Pai Dadi Saksi

Gemiyén tau kèlingan
sadurungé Sri mati
dhèwèk loroan nang PAI
soré-soré ndeleng srengéngé
sri nyekeli tangan, sirahé sèndhèhan
panas ora krasa, angin ora dirasa
sri nglamun, latané enyong misiki
"Sriii... aja lunga yaaa?"

Dhuh gusti Pengéran
ora nyangka saiki Sri wis mati
ninggal enyong karo bocah
nelangsa, tapi kabé Sing Kuwasa

Senajan kowen wis langka
tapi enyong ora bakal klalèn Sri
awaké kowen dipendhem nang lemah
tapi perasaané enyong ora bakal punah

Sri, sing tenang ya?
aja watir
dongané enyong ora bakal pedhot
dhemené enyong nganti pipi kempot

2018

DIDI KAHA

Oprasi = (Basa-Basi)

Wingi ana wong mati
ketabrak goning gili
nganggo motor ketabrak mobil
pecah ndasé
ancur awaké
gara-garané panik
ngindari polisi
sing lagi oprasi

Mbuh
jan-jané aku ra ngerti
oprasi ora malah gawé
malah nambah cilaka
lan onaré kahanan dalanan

Kaya sing wis-wis
wong-wong padha blingsatan
yèn papagan oprasi

Ning dalan
blingsatan
padha kabur sakentrang-kentrang
gawé ruwed
gawé semrawud
tapi
—jaréné
mendhing
ketimbang kecekel

sèket, satusèwu
bisa-bisa mlayang

Mbuh lah
wong-wong ya kadhang ora tertib aturan
nganggo motor ora lengkap surat-suraté
nganggo motor sering klalèn karo keslametané
—endas gundul ora nganggo helm
tapi polisiné kadhangkala ya semrawud
oprasi kadhang seénaké wudel
asal tilang asal cekel
sing akhir-akhiré UUD: ujung-ujungé dhuwit

Indonesia pancén negara badhut
akèh penghuni badhut-badhut
mbuh pejabaté mbuh rakyaté
akèh seneng mbadut
polahé kadhang gawé weteng mules
péngin ngentut
duut!!!

2017

SUTIYOWATI

Kowen

Kowen...
wis ping pira baé
bolak-balik dirembuk
toli kapan dadiné

Kowen...
dhongé karepé apa
nyong tah wis ngomong
ora susah kèder
gari ngomong ka...

Ngomong apa baé
sing dadi nyatané
ora susah kakèhen mikir
anjogé kesingkir

Tegal, 18 Agustus 2018

ALFI INAYAH

Mlongo

Lagi ning njaba umah mlongo
lagi ning njero umah mlongo
ésuk-ésuk ya mlongo
apa maning pan turu, ora béda

Mbesikiné sing dimlongoni anjog
ati gebyar-gebyar, dheg-dhegan ora karuwan
senengé sahahahaha...

Tegal, 18 Agustus 2018

GANI ALBAR A.

Ader Merdhéka?

Indonesia
jaréné wis merdhéka
daning èsih kaya jaman penjajahan

Indonesia
jaréné wis merdhéka
daning lemah banyu èsih mbayar

Sing sugih tambah sugih
sing mlarat tambah mlarat

Sing arané merdhéka tah
kuduné rakyat urip makmur

Tegal, 18 Agustus 2018

RAHARJO

Titik Titik Padamu

Gawé puisi?
Isin lah
enyong ora bisa...

Wong nèng atiné enyong
mung ana:

"Tegal laka-laka
laka tunggalé
laka tandhingané."

Pokoké...
enyong.... titik-titik padhamu
dilawani sing Tegal maring Jakarta
balik maning maring Tegal

Tegal, 18 Agustus 2018

M. FAIZAL UMAR

Alun Alun Slawi

Neng bumi sing asri
ana dhaérah sing disenengi
saben ésuk ngantikèn bengi
ana baé sing nyinggahi

ana sing lagi diskusi
ana sing mangan tahu aci
karo ana sing lagi moci

Ya! Kuwé sing aranè Alun-alun Slawi
sing ora bisa diklalèni
soalé mbetahi lan ngangeni

Tegal, 18 Agustus 2018

M. KHAMDANI

Mardiah

Sore-soré wayahé
ngalor ngidul nyawang srengéngé
wong dudu moni wong kéré
tapi nunggu dhuwité Mardiah moniné

Mardiah wis kaya Tuhan, jaréné
luwih-luwih go wong kéré
hartané ora kepètung akèhé
ngantikèn padha luruh dunyané

Nyong sih ora ngarti sapa uwongé
mung sing jelas
Mardiah dudu wong kéré
nyong baèn sing seneng
nggedhèg-nggedhèkna

Tegal, 18 Agustus 2018

Basa Tegal Warisan Budayane Wong Tegal

Yono Daryono
Ketua Siwalan Institute

Nyong tau nèlpon sutradhara sing uga tukang nulis skénario film Indonesia pentholan, Imam Tantowi: "Mas anaké enyong Wicaksono Wisnu Legowo repan gawé film nggo bioskop nganggo basa Tegal jaré rika pribèn?" Imam Tantowi ora labas semaur, let ora suwé tembé semaur: Film kuwé ditonton wong sa-Indonesia, adong nyong sih apiké nganggo basa Indonesia basa persatuan, adong pan medhok Tegal apik baé. Nyong gawé film Carok nganggo basa Indonesia logat Madura, wong padha ngarti adong film kuwé crita Madura ora usah nganggo basa Madura. Adong kaya kuwé awaké dhèwèk kayong disekèt-sekèt engko bubrah NKRI-né oh," jaréné.

Enyong ngomong maring Wisnu apa sing diomongna Imam Tantowi, tapikan Wisnu-né ora nggugu apa sing repan dilakoni ora ndadegna NKRI dadi bubar. Indonesia kuwé ragam suku tapikan dadi siji. Lha kaé Wisnu gawé film Humas Kota Tegal ambal-ambalan nganggo basa Tegal, Indonesia aman-aman baé.

Enyong dhèwèklugu-luguné priatin adong bener-bener Wisnu nggawé film nggo bioskop nganggo basa Tegal, palingan ditonton wongé dhèwèk, wong sing ngarti paling-paling wong Karesidenan Pekalongan, Banyumas, karo Cirebon. Adong wong Jakarta paling-paling sing buka Warteg.Artiné gambar hidup kuwé liyané wong Tegal kurang sreg. Malahan bisa-bisa wong Tegalé dhèwèk ora seneng maring basané dhèwèk, merga

dianggepé ndésani, kasar blakasuta,kelasé babu. Lha pribèn ora kaya kuwé wong kaé adong neng tivi-tivi (sinetron) Indonesia sing tokohé nganggo basa Tegal kuwé babu, wong sing nggo kongkonan atawa kacung, adong neng gambar hidup kuwé kur nggo lucu-lucunan. Adong film India ya sing dadi "tololé" atawa wong sing goblog.

Krungu apa sing domongna Imam Tantowi, Wisnu nyanggah: "Lha kaé film Turki bisané wong Indonesia akéh sing seneng toli moniné apik. Film India ya kaya kuwé malahan nganti sapréné mègin ana TV swasta sing muter film Turki karo film India jaré malah sing nonton akèh. Istilahé ratingé dhuwur. "Enyong ora bisa ngomong macem-macem maring Imam Tantowi atawa maring Wisnu, dhèwèké duwé prinsip dhèwèk-dhèwèk.

Ujug-ujug skenario film *Turah* nganggo basa Indonesia dadi. Maring nyong Wisnu ngomong, kyèh skenario engko dirubah maring basa Tegal ganing pemainé dhèwèk-dhèwèk, engko pemainé kabèh wong Tegal.

Enyong mlongo lagi Wisnu ngomong kuwé. Kiyé film nggo bioskop biayané ora sethithik. Tapikan Wisnu ya kaya kuwé toli pada sagseg latihan.Let ora suwé film mulai digawé, manggoné kabèh nang Kampung Tirang. Salah sijiné kampung neang Kelurahan Tegalsari sing panggonané ndesep angèl diambah. Sing nganggoni ana rolas kepala keluarga, nggo padhang-padhang mègin nganggo ceplik sing ana listriké paduné kudu nyambung maring kampung sebelahé. Dong repan mana kudu nganggo gèthèk gabus. Umah-umahé mègin apa anané, nganggo gribig laka ubiné. Dong pan mlebuumah neng Kampung Tirang kudu mbungkuk soalélawangé endhèp. Nggo *setting* film Kampung Tirang apik, sing nata artistiké ora usah ngrubah-ngrubah-baé wis apik.

"Film kiyé sing penting dadi toli, ora usah mikir pan diputer neng endi. Aja nduwèni pengangen-angen diputer neng tivi apa neng bioskop," jaré Wisnu kaya kuwé.

Adong film kiyé bisa dadi toli sing maén wong Tegal kabèh wis pentol nggo ukurané film layar lébar. Olih nyambet gawé padha kiyeng, olih syuting film singésuk nganti ésuk laka lirèné. Kabèh padha ngarepna film basa Tegal kudu dadi mbuh mbangkanané nyambut gawéné paribané sinoman.

Film *Turah* pragat, segurungé diputer naeng bioskop mélu festival nang endi-endi. Tahun 2016 menang telu kategori sedina kuwé; *Geber Award* karo *Netpac Award* nang *Jogja-Netpac Asia Film Festival.* Nang dina sing padha baé olih biji apik kategori *Asian Feature Film Special Mention* nang *Singapure International Film Festival.*

Nang Festival Film Tempo Wisnu olih sebutan sutradhara pilihané Tempo mbarengi Slamet Ambari olih penghargaan aktor pilihané Tempo. Film kiyé olih alem neng *9th Bengaluru Internasional Film Festival 2017,* India. Neng ajang *Asean Film Awards* Wicaksono Wisnu Legowo olih alem dadi sutradhara paling apik neng acara sing ping 20 *Vietnam Film Festival* neng Trung Vuong Theater, Vietnam. Wondéné 28 November 2017 olih ulem-ulem neng Beijing, Cina, sing bud-budan makili Indonesia maju nang ajang *Academy Awards* atawa Oscar 2018 nggo ngranggèh film basa Asing Paling Apik. Film *Turah* kalah nang Oscar tapikan paling ora basa Tegal wis langlang buana.

Toli apa jaré Imam Tantowi maring nyong ngomong: "Sukses ya, Wa, nggo Wisnu," maring batir-batiré ana sing kandha maring nyong:"Jebulé basa Tegal bisa ekspresif lan dramatik ajib ah, nyong ora nyana." Film *Turah* senajan neng bioskop ora patia payu tapikan neng Internasional olih alem pirang-pirang.

Sastra Tegalan

Pancèn diakoni wong Tegal maring basané dhèwèk ora patia pédhé,adong neng njaba maring basa ibuné dhèwèk rada mindher. Nang Jakarta wong Tegal luwih bangga nganggo basa Betawinan padhahal dong anuk katon wagu. Batir-batir seniman padha priatin. Muganéèbèn ora padha kélangan karo basané dhèwèk, padha gawé karya sastra nganggo basa Tegal. Puisi

Tegal diwaca diderné maring luar kota kaya Jakarta karo Solo. Sejegé kuwé wong Tegal ana perobahané, paribasané adong neng njaba ora pada isin maning pada ngomong nganggo basa Tegal.

Wong ngartiné basa Tegal kuwé basa tutur angèl adong ditulis. Tapikan ana seniman Tegal sing bisa nulis basa tutur, malahan ujudé puisi. Lanang Setiawan salah sijiné wong sing miwiti nulis puisi Tegalan ora tau lirèn nggawé karya sastra nganggo basa Tegalora mung puisi tapikan uga novel, lan artikel. Seliyané kuwé ana aran Dwi Ery Santoso, Ipuk N.M. Nur (Kamus Prokem Tegal), Atmo Tan Sidik, Dr. Maufur, lan liya-liyané. Lanang Setiawan sing ngubah puisi Rendra "Nyanyian Angsa" dadi "Tembangan Banyak" (1994) ndadègna akèh wong padha éram toli dadi padha semangat nggawé puisi basa Tegal.

Taun 2006 nyong karo batir-batir nganakna Kongres Bahasa Tegal 1, wong Jawa wétan (sing nganggo basa Jawa standar) nganggepé réka-réka. Kiyé padha baé wong sing "nglawan" aturan maring basa Jawa. Basa Tegal kuwé seluguné dhialék manjingé mègin keluargané basa Jawa.

Kongres Bahasa Tegal 1 salah siji sing diarepna èbèn basa Tegal manjing neng kurikulum sekolahan. Wong nyatané wong Tegal kuwé dong ngomong basa Jawa standar tutak-tutuk, wong biasa a diwaca a dudu o. Sebeneré wis lawas wong Tegal kiprah neng sastra Tegalan, khususé sastra tutur atawa sastra lisan, kaya dhalang gléthak, dhalang laka wayangé toli lagu-lagu Tegalan. Awaké dhèwèk wis tau kenal karo lagu gaweané Najeeb B. album wiwitané "Teh Poci (Gula Batu)" taun 1979, nembang bareng karo Tri Widarti sing etop judhul laguné "Man Draup Téol" syairé kaya kiyé:

Man Draup tukang bécak
bécaké sering rusak
dhasar lucu uwongé, sabar laka jèngkèlé

Ari olih muatan bocah wadon dhèwèkan
nggenjoté alon-alon karo diejak guyon
Man Draup seneng guyon

Reff
Ning panjatan Man Draup téol
Megap-megap napasé
sing nunggang mung gemuyu baé

Ora suwé lagi digenjot
pédhal sing tengen copot
Man Draup gagiyan mencolot

Durung anjog ning pasar
sing nunggang ora sabar
mudhun ning tengah dalan ora néin bayaran
Man Draupé gemboran

Seliyané Najeeb B., taun 90-an awaké dhèwèk kenal sing aranè Dhimas Riyanto sing ngetokna album "Nyong Cinta Padamu" (1995) uga"Séndhéhan Lawang" (2004). Ana uga liyané sing mèlu nyuburna lagu Tegalan. Gurung dramané, drama Tegalan sing disiarna liwat Radio Serenada akèh sing seneng. Kuwé kabèh bisa dadi bahan genau nggo wong sing pèngin genau basa Tegal.

Balai Bahasa Jawa Tengah, Semarang nerbitna Kamus Tegal-Indonesia sing digawé ganing M. Hadi Utomo (2016), taun 2018 ganing Balai Bahasa Jawa Tengah dipepeki luwih akèh kosakatané. Segurungé kuwé Lanang Setiawan karo S.L. Gaharu uga wis tau gawé Kamus Tegalan, ana maning Drs. Suparno E.P. uga nulis "Dialek Tegal Kata dan Ungkapan Khusus dalam Konteks".

Wis pan wolung taun nyong nulis crita Tegalan dimot nang koran *Suara Merdeka*, "Lembar Pantura" saben dina Senén rong minggu sepisan gentènan karo Dr. Maufur. Tapikan mègin baé ana wong sing ngomong jaré basa Tegalan kurang nungjleb, katon dipaksa ora dramatik.

Awaké dhèwèk ngarepna basa Tegal bisa manjing kurikulum, mung baé prelu ana standarisasi segurungé dadi materi nggo genau neng sekolahan. Uga prelu dipastikna atawa dibakukna teknik linguistiké.Neng kéné kyèh basa Tegal bisa diujudna dadi

basa tulisan. Adong laka standarisasi rasané angèl olih nglakoni ngajarna basa Tegal neng sekolah-sekolah.

Mbuh mbangkanané, atawa mbuh pribèn-pribèn basa Tegal kuwé warisan budayané wong Tegal lan idhentitas masyarakat Tegal, mesthi prelu dilestarikna. (*)

Biodata Penyair




1. Lanang Setiawan

Jawa "Rancagé" 2011, tau nrima penghargaan *Man o Year* 1994 versi seniman Tegal, lan nrima penghargaan *Best Indie Composser* (Pencipta Lagu *Indie Award* 2011) sebagé pencipta Lagu Tegalan. Nyetusna lairé "Sastra Tegalan lan Hari Sastra Tegalan" sing dirayakna saben tanggal 26 Nopember. Gawé buku apa baé: novel berbahasa Indonesia ing antarané: *Trilogi Pengendara Badai*: *Pengendara Badai* (2009), *Sudut Panggung* (2011), lan *Ndaru* (2013); *Titisan Bintang* (2014), lan *Prahara di Pesisir* (2017). Nganggo novel basa Tegalan judhulé *Tegal Bledugan* (Meradang) taun 2010. Nerbitna buku Puisi Tegalan: *Nawu* (2011), *Sumbu Péndék* (2015), *Tegal Melawan* (2016), *Ndoro Binyak* (2017), lan *Haiku Tegalan 228 Jala Sutra* (2016), *99 Wangsalan Tegal* (1998), *Kamus* (2008), uga tau nerjemahké puisiné WS. Rendra "Nyanyian Angsa" maring Basa Tegalan dadi "Tembangan Banyak". Tau gawé tabloid *Kontak, Porem, Literasi, Muara Sastra, Jurnal Tegal Tegal Kosih Tegal Tegal.* Mbukukna naskah drama: *Ni Ratu* (1990), *Ken Angrok Gugat* (1991), *Lenggaong Asmara Nyi Ronggéng* (1992), lan liya-liyané. Novel basa Indonesia sing durung dibukukna "Horor Kekuasaan", "Nonjober Lawan Walikota", lan "Garwo Sejati". Selawasé 3 taun dhèwèké njabat redaktur budaya *Harian Pagi Nirmala Post*.



2. Dhenok Harti

Lair nang Tegal. Amargatangga kiwa tengené seneng nekuni kethoprak, ndadèkna Harti nekuni teater. Mlebu neng Teater Puber Kota Tegal pimpinan Nurhidayat Poso. Nulis puisi Tegalan sering dimot neng Tabloid *Literasi*, wetonan Tegal, Jurnal *Budaya Muara Sastra*, uga *PR* edisi Cirebon. Dhenok Harti, salah siji wong wadon sing tau macakna puisi Tegalan "Tembangan Banyak" gawéané Lanang Setiawan saka sajak asli "Nyanyian Angsa" karya W.S. Rendra, wektu pentas neng omah dinas Bupati Indramayu, Jawa Barat. Uga tau maca puisi Tegalan neng Taman Budaya Surakarta taun 1994.



3. Maufur

Lair nang Brebes, 26 Februari 1956. Tau dadi Wakil Walikota Tegal sing pisanan periode tahun 2004 - 2009. Tau njabat Rektor neng Universitas Pancasakti Tegal. Senajan luwih nggatékna maring pendhidhikan, Maufur dhemen por maring jagad puisi. Luwih-luwih nèk maring puisi Tegalan, paribasané kaya maring kolok adong pan buka puasa. Puisi Tegalané dimoat ning Koran Harian *Satelit Post*, mlebu ning antologi *Ngranggéh Katuranggan, Kilas Balik Pilkada 2004, Penyair Angkatan Tegal Tegal, Balada Asu*, lan *Tegal Ngrajug*. Kejaba kuwé pernah nulis kolom ning koran harian Tegal *Nirmala Post*, sing akhiré digawé buku judulé "Salah Kaprah". Saikiné dadi penulis kolom neng *Suara Merdeka*. Basané nganggo basa Tegalan.



4. Yono Daryono

Lair nang Tegal 25 Maret 1955. Bareng Eko Tunas, Haryo Guritno, lan batir liyané ngedekna Teater RSPD (1978) lan Studi Grup Sastra Tegal (1981). Ketua Déwan Kesenian Kota Tegal (2018-2021). Seabrek puisiné dimot antarané neng antologi *Peta Sastra Puisi-Puisi Tiga Kota* (1983), *Dari Negeri Poci 2* (1994) uga neng antologi *Puisi Jawa Tengah* (1994). Kejaba nulis puisi uga nulis cerpèn lan naskah drama. Naskah drama sing digawé déning dhèwèkéing antarané: "Umar bin Khatab" (1981), "Roro Mendut" (1983), "Mati Muda" (1983), "Mandor" (1987), "Adipati Anom" (1988), "Palagan Kurusetra" (1991), "Opera Gajah Mada Atawa Abrahah" (2003), "Opera Sebayu" (2006), "Sunan Panggung" (2007), "Opera Brandal Mas Cilik" (2008), "Testimoni Drupadi" (2010) lan liyané. Petikan naskah drama Ronggeng-Ronggeng dimot neng antologi *Horison Sastra Indonesia* (2002). Saiki dadi penulis kolom basa Tegal ning rubrik "Warung Poci" *Suara Merdeka*, saben dina Senén, rong minggu sapisan gantian kambén Pak Maufur.




5. Nilam Rahma Cahya

Lair 5 Maret 1979 ning Tegal. Seneng nulis puisi sajegé SMP kelas 1 Dewi Sartika Jakarta taun 1991. Sanalika neng SMA Negeri 3 Kota Tegal, sangsaya dhemen maring puisi. Taun 1998 nimba ilmu ning Universitas Setiabudi, Solo, Jurusan Farmasi. Nilam anak pembarep saka sedulur sing jumlah enem (6). Sering maca puisi neng acara-acara kesenian Kota Tegal. Sajak Tegalané mlebu neng antologi puisi *Ganti Lakon, Sintrén Dadi Ratu* editor Lanang Setiawan, penerbit *Media Tegal*, Tegal.



6. Atmo Tan Sidik

Lair ning Brebes, Drs. H. Atmo Tan Sidik nampa Anugerah Kebudayaan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan RI, selaku pelestari lan pengembangan budaya komunitas Tegal taun 2014. Njabat Kepala Desa Pakijangan, Brebes taun 1989—1997, Kepala Bagian Humas dan Protokol Pemkab Brebes taun 2010-2015. Pengarang buku *Dikendangi Wong Édan Aja Njogéd* lan *Dugalé Asu Maring Menungsa*klebu kumpulan puisiTegalan bareng-bareng. Puisiné sing judhulé "Kidung Urat Tapak Jalak" dadi mukadimah ning buku Biografi Presiden RI Jokowi "Jadul Kinanti". Saikiné dhèwèké njabat Kepala Badan Narkotika, Brebes, mula kuwé dhèwèké ngginaake sastra kanggo merangi narkoba.



7. H. Tambari Gustam

Lair nang Tegal, 18 Oktober 1964. Biasa nulis puisi, pantun/wangsalan lan artikel sing sakabèhé nganggo basa Tegalan. Buku liyané judhulé *Pantun Warteg*. Kejaba kuwéuga nulis buku *Guyon Gustam dalam Wacana Politik Lokal*. Seliyané kuwé, buku *Kami Cinta Indonesia* karo *Selamatkan Pantai Kita* olih penghargaan saka Kepala Pusat Perbukuan Indonesia. Jitam sapaan akrabé, tau gawé terjemahan puisiné W.S. Rendra sing judhulé "Bersatulah Pelacur-Pelacur Jakarta" dadi puisi Tegalan judhulé "Dadi Siji Tlembuk-Tlembuk Jakarta". Jitam uga pinter maén teater, pilem, lan maca puisi apa baé. Saiki dadi Kepala Suku Musik Balo-Balo lan dadi penyiar neng salah siji radio swasta Kota Tegal.




8. Abdullah Sungkar

Lair ning Tegal sokan nulis artikel bab tata kota lan uga ékonomi neng media massa Tegal. Politisi kiyé dikenal akrab maring sapa baé. Puisi Tegalané mlebu ning antologi *Penyair Angkatan Tegal* lan *Balada Asu* dimot ning koran harian *Satelit Post*, Tegal. Ora gumun yèn dhèwèké piawé maca puisi ning péntas-péntas maca puisi Tegalan.




9. R. Jayeng Jaladara

Lair nang Tegal, aran asliné Riyanto, 8 Februari 1972. Kawiwitané seneng ngirim puisi ning salah siji radio siaran ning Kota Tegal éra 1990-an. Puisi gawéané sing nggunakna Basa Tegalan mlebu neng antologi Puisi Tegalan *Ngranggéh Katuranggan* lan *Balada Asu,* penyuntingé Lanang Setiawan. Puisiné uga dimot ning tabloid Tegal *Literasi* lan koran harian Tegal *Satelit Post.* Jayeng tau maén sandhiwara Tegalan dadi tokoh utama ning lakon "Centong Kapiran" karyané Nurngudiono sing dimaéna ning Anjungan Jawa Tengah, TMII, Jakarta taun 2011.



10. Endhy Kepanjen

Lair ning Tegal, mantan wartawan tabloid *Tegal Tegal*, media pisanan sing lair neng wilayah Tegal. Dhèwèké moyèk nulis Puisi Tegalan neng koran endi wae sing sumebar neng Tegal,ing antarané *Muara Sastra, Literasi,* uga ning koran harian *Satelit Post.* Puisi Tegalané mlebu neng antologi puisi Tegalan Potrèt *Refomasi, Balada Asu, Ruwat Désa, Penyair Angkatan Tegal Tegal,* uga *Ngranggéh Katuranggan* sing kabèhané disunting gonéng Lanang Setiawan. Endhy Kepanjen tau nggawé naskah drama perjuangan dipéntasna ning acara pitulasan Agustusan.



11. Dhimas Riyanto

Lair nang Balapulang 20 Mei 1955, manggon nang Kota Tegal sajegé taun 1960, makarya nang Jakarta sajegé taun 1975. Pagawaéné nulis lagu, pengurus PAPPRI Jawa Tengah, lan mantan pengurus Dewan Kesenian Tegal.



12. Arief Turatno

Lair ning Tegal, gedhé uga ning Tegal. Dhèwèkétau gawé tabloid *Sembada* ning Tegal bareng kanca-kanca sanalika zaman réformasi. Dhèwèké mantan wartawan harian *Pelita Ibukota*. Tulisané pirang-pirang ning koran. Salah siji artikel dhèwèké mlebu ning kumpulan buku *Salah Kelola* terbitan Kota Tegal.



13. Apas Khafasi

Wong Tegal, umahé nginthil nang Salon Uzhien Jalan Raya Karanganyar No. 27a RT 05/RW 01 Bandasari, Kabupaten Tegal. Aktif ning acara kesenian lan nglatih drama. Dhèwèké uga penggagas SJK (Sidik Jari Kawan) penulis puisi majemuk lintas komunitas multidhaérah nonséntral. Karya-karya puisiné terangkum ning buku antologi tunggal judhulé *Crot*, uga *Catatan Paling Tidak Penting*. Puisi Tegalané mèlu ning buku antologi bareng-bareng judhule *Ganti Lakon*, lan *Sintrén Dadi Ratu* penerbit *Tegal Tegal*, edhitore Lanang Setiawan.



14. Mohammad Ayyub

Lair ning Tegal asli, Sung! Tau aktif ning Pelajar Islam Indonesia (PII) wayah sekolah. Tau dadi Sekretaris LSM Pusat Peranserta Masyarakat (PPM) dipandégani Kang Adi Sasono. Jaman Walikota Tegal M. Zakir tau dadi Ketua SGST (Studi Grup Sastra dan Teater Tegal). Taun 2000 dadi PU Tabloid Warta Tegal (Warteg). Tau dadi pembisiké Enthus Susmono jaman réformasi kanggo bahan orasi dhèwèké. Taun 1994 tau nggelar Pekan Seni Tegal sing isiné tari, drama, lukis, film, uga wayang dhalangé Ki Enthus Susmono. Saiki Ketua Ranting Muhammadiyah Kraton 1 Tegal Barat. Bendhaharané SuryaMu sing tugasé ngurus toko dodolan sembako. Ketua Komite Sekolah MTs Model Ihsaniyah Uga dadi Takmir Masjid Ar Rohman Kraton, Tegal Barat, Kota Tegal taun 2012 kosih saiki. Daning Lanang Setiawan, enyong ning Komunitas Sastrawan Tegalan, olih jabatan Tabib Sastra Tegalan.



15. Julis Nur Hussein

Duwe aran asli Mardja, lair tanggal 20 November 1970 ning Desa Srèngsèng, Kecamatan Pagerbarang, Kabupaten Tegal. Seneng nulis sajegé taun 1993. Karyané sokan didadèkna materi lomba maca puisi. Sokan dadi juara lomba gawé puisi ing antarané: LCP Kebangkitan Nusantara II Malang (1996), LCP Sanggar Purbacaraka Denpasar (2001), Khaul Budaya Piek Ardijanto Soeprijadi (2006), "Mung" (2004), "Ning" (Sanggar Purbacaraka Fak. Sastra Univ Udayana, Bali 2002, lan "Kosong=Ada" (Puisi Religi LESBUMI PC NU Kabupaten Tegal 2011), lan liyané. Saiki ngajar Seni Budaya neng SMK Diponegoro Lebaksiu Kabupaten Tegal. Pengurus Dewan Kesenian Kabupaten Tegal 2014—2018.




16. Ipuk N.M. Nur

Lair ning Kota Tegal sering nulis ning koran nganggo Basa Tegalan. Salah sijiné dimot ning koran harian *Satelit Post*. Karya Puisi Tegalané mlebu ning buku kumpulan puisi Tegalan sing judhulé *Balada Asu*, *Penyair Angkatan Tegal Tegal*, lan liya-liyané. Ipuk tau dadi wartawan tabloid *Tegal Tegal*. Kejaba sokan gawé puisi, dhèwèké sering nyipta lagu basa Tegalan.




17. Untung Purwadi

Lair ning Tegal, anggota DPRD Kota Tegal kiyé, seliyané sokan gawé puisi uga dhemen maca puisi Tegalan. Gayané ora kalah kambèn wong seniman-seniman. "Enyong seneng gawé puisi bèn duwé keseimbangan urip sebagé anggota dhéwan." Lan pancèné pirang-pirang puisi sing rencanané pan digawé buku.




18. Kurnia Effendi

Lair ning Slawi, Kabupaten Tegal, 20 Oktober 1960. Seneng nulis wiwit cilik. Puisi karo cerita cekaké dimot sing kapisan taun 1978. Taun 80-an sregep mèlu sayembara nulis fiksi, nganti oléh telung puluhan hadiah, wolu antarané juara siji. Nganti sepréné wis nglairaken 22 buku (geguritan, cerita cekak, esai, novel, lan memoar). Ana papat kumpulan gurit tunggal: *KartunamaPutih* (Biduk, 1997), *Mendaras Cahaya* (Rumah Anggit, 2012), *Senarai Persinggahan* (Pustaka Senja, 2016), *Hujan Kopi dan Ciuman* (Basa Basi, 2017). Taun 2017 melu residensi penulis, program Kemdikbud RI, milih Negeri Landa nggo riset novel Raden Saleh. Kepéngin nemen nutugaken kumpulan gurit basa Tegal, durung pepek sewidak.



19. Moch. Mi'roj Adhika A.S.

Lair ning Tegal. Penyair kiyé biasa diundang Gus Mi. Nulis puisi sajegé sekolah MTsN Slawi, Kabupaten Tegal, klas 1. Puisiné moyèk dimot neng endi-endi médhia. Puisiné mèlu neng *Antologi Puisi Indonesia/API* (Penerbit Angkasa Bandung 1997), Penyair Jawa Tengah *Jentera Terkasa* (Penerbit Taman Budaya Surakarta, 1998), *Potret Negeri Londok Kasmaran*(1998), *Juadah Pasar* (Penerbit Dewan Kesenian Tegal, Ed. Lanang Setiawan, 1998), sedheng puisi Tegalané mlebu neng kumpulan puisi *Potret Reformasi dalam Puisi Tegalan* (Penerbit Jurnal Tegal Tegal, 1998), lan liya-liyané. Saiki dadi Ketua Komite Sastra dan Teater neng Dewan Kesenian Kabupaten Tegal. Sedina-dinané mulang neng SMK-SMK NU Wahid Hasyim Talang Kabupaten Tegal karo SMK HASRI Tarub. Nomer WA 08156934104.



20. Tommy Aziz

Lair ning Tegal, 5 Agustus 1998. Seneng nulis puisi awit cilik, tau nyabet juara 1 Lomba Nulis Cerita Cekak tingkat perguruan tinggi. Saiki lagi molai nulis nyoba-nyoba dikirim maring penerbit.



21. Tofik Rochadi

Dadi PNS ning Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Kabupaten Tegal. Wiwit SMA tulisané mlebu neng Majalah *MOP*, koran mingguan *Bahari, Simponi, Sentana, Ceria, Suara Merdeka, Wawasan, Radar, Jurnal Metodika* lan liya-liyané. Artikel Tegalané ana ning buku kumpulan *Telik Sandi Sastra Tegalan* (Pustakasenja, 2018, Ed.

Lanang Setiawan), uga Antologi *Puisi Sakti* (UPS 1996). Sedheng buku sing digawé dhèwèké antarané: *Cinta Membaca* (Leutika 2012), Kumpulan Cerita Anak *Cita-Cita Cinta* (Merdeka Media 2012), *Perempuanku:Sebuah Persembahan Cinta untuk Perempuan Terhebat* (Puput Happy Publishing 2012), Kumpulan Cerpen Anak *Daster untuk Ibu* (Leutika 2012), *Allah Melihat Malaikat Mencatat, Praktik Kantin Kejujuran Sekolah* (Puput Happy Publishing, 2014), lan liya-liyané. Dadi Guru Berprestasi Kabupaten Tegal (2004), Kepala Sekolah SMP Berprestasi II Tingkat Provinsi Jateng (2008), Nominasi PGRI Award Provinsi Jateng (2009), Nominator 20 besar Sayembara Naskah Buku Pengayaan Puskurbuk 2014. Telepon (0283) 4561192, TG/WA. 081326909454

22. Didi Kaha

Didi Kaha alias Usman Didi Khamdani. Wong Brebes sing saiki manggon neng Tangerang. Seneng maca lan nulis puisi. Bisa dihubungi liwat pos-el didikaha@edelweis-art.com atawa usmankhamdani@gmail.com



23. Budi Priyanto

Aran asliné Budi Priyanto, S.P., M.M. Undangan sadina-dinané Eppy. Riwayat nyambut gawéné: dadi ASN molai taun 1986 neng Bagian Kesra, DPU, DK3, DKP, Kantor Sospol, Dinas Pertanian, Sekretaris DPRD, Diskimtaru, lan saikiné ning Disperkim sebagé Sekretaris Dinas. Riwayat organisasi, tau dadi anggota lan Sekretaris Teater Massa Hisbuma, anggota SGST, pendiri Teater

"Kampus" Unisri Solo, Pengurus Mapala Faperta Unisri, Ketua Karang Taruna, Pengurus FKPPI Kota Tegal, lan Manajer lan vokalis *Old Sweet Band*.



24. Makmuri


Lair ning Balapulang Wetan, Kabupaten Tegal, 8 Desember 1969. Lulus MI taun 1982, MTs taun 1985, lulus Madrasah Aliyah taun 1988. Nggal dinané nyambut gawéné dadi tukang kayu, tapi getol nulis puisi apa baé. Kadhang-kadhang nulisé nganggo basa Tegalan kadhang-kadhang uga nganggo basa nasional. Pokoké nulis puisi.



25. Apito Lahire

Lair nang Tegal 9 Desember 1974. Menulis sajegé taun 1991. Puisi Tegalané mlebu nang Antologi Puisi 32 Penyair "Potrét Reformasi dalam Puisi Tegalan" terbitan Jurnal Tegal Tegal, taun 1998, antologi puisi Tegalan "Ganti Lakon Sintrén Dadi Ratu", terbitan Media Tegal Tegal, taun 2014, antologi puisi "Ngranggéh Katuranggan" terbitan Media Tegal Tegal, taun 2014, uga mlebu nang jurnal budaya Tegal "Muara Sastra", terbitan Mimbar Pengajian Seni Budaya Tegal, taun 1995, lan liya-liyané.

Seliyané nulis puisi Tegalan, pirang-pirang puisi berbahasa Indonesia pating sebar nang koran-koran lokal uga Jawa Tengah. Apito uga sering pentas monolog.



26. Dwi Ery Santoso

Lair nang Tegal. Umuré wis sewidak punjul. Buku kumpulan puisi Tegalané judulé "Brug Abang" terbitan Teater Massa Hisbuma, taun 2010. Artikel sing nganggo basa Tegalan dimot nang Radar Tegal uga nang buku "Telik Sandi Sastra Tegalan", "Biografi Kang Nur, Olih-olihé Wong Sabar" terbitan Komunitas Sastrawan Tegalan" taun 2018. Naskah dramané "Plérak Plérok" uga "Barandal Mas Cilik". Kejaba kuwé, puisi Tegalané mlebu nang buku antologi "Potrét Reformasi dalam Puisi Tegalan" terbitan Jurnal *Tegal Tegal*, taun 1998, antologi puisi Tegalan "Ganti Lakon Sintrén Dadi Ratu", terbitan Media *Tegal Tegal*, taun 2014, antologi puisi "Ngranggéh Katuranggan" terbitan Media Tegal Tegal, taun 2014, Antologi Puisi 32 Penyair "Potrét Reformasi dalam Puisi Tegalan" terbitan Jurnal *Tegal Tegal*, taun 1998, antologi "Ruat Desa" terbitan Yayasan Pustaka Tegal, taun 1998, uga nang antologi "Tegal Ngajug" terbitan Komunitas Sastrawan Tegalan taun 2017, lan liya-liyan. Dwi Ery Santoso olih gelar dadi Presiden Penyair Tegalan.




27. S.L. Gaharu

Aran asliné Slamet Gaharu. Luwih kondang kasebut SL. Gaharu atawa Gaharu. Déwéké lair nang Jakarta, 9 Desember 1959. Sajegé SD urip nang Kampung Kalibuntu, Kelurahan Panggung, Kota Tegal. Tau ngabdi dadi wartawan nang Pos Film awit taun 1996 kosih taun 1989. Saterusé mélu ngabdi nang nang Tabloid *Tegal Tegal*, terbitan Kota Tegal. Kejaba dadi wartawan Gaharu sening nulis cerpen uga puisi. Puisi Tegalané sering dimot nang tabloid lokal kaya déné *Porem*, *Kontak*, uga *Literasi*, terbitan Tegal, taun 1994.

Kejaba kuwé, puisi-puisi sing nganggo bahasa Tegal mélu mlebu nang antologi puisi Tegalan diantarané buku: "Penyair Angkatan Tegal Tegal" terbitan *Tegal Tegal* taun 2005; "Muara Sastra", terbitan Mimbar Pengajian Seni Budaya Tegal, taun 1995; Antologi Puisi 32 Penyair "Potrét Reformasi dalam Puisi Tegalan" terbitan Jurnal *Tegal Tegal*, taun 1998; antologi puisi Tegalan "Ganti Lakon Sintrén Dadi Ratu", terbitan Media *Tegal Tegal*, taun 2014; antologi puisi "Ngranggéh Katuranggan" terbitan Media *Tegal Tegal*, taun 2014; lan liya-liyané. Saiki ngelola media *online www.panturanews.com.*

Republik Tegalan

Antologi Puisi



Buku berjudul *Republik Tegalan: Antologi Puisi* karangan para penyair Tegal ini merupakan salah satu dari sekian banyak wujud dukungan terhadap upaya sebagaimana dikatakan di atas. Buku ini berisi 87 puisi berbahasa Jawa (dialek) Tegal yang ditulis oleh 33 penyair Tegal. Diharapkan apa yang disajikan di dalam buku ini bermanfaat bagi khalayak luas dalam upaya membangun peradaban yang konstruktif dan humanis.

ISBN 978-602-53192-9-7